

TIDAK DIPERDAGANGKAN UNTUK UMUM



SASTRA MIRUDA

Departemen Pendidikan dan kebudayaan
Jakarta
1999

31
N

SASTRA MIRUDA

1. The first part of the paper is a review of the literature on the effects of the 1997 Asian financial crisis on the economies of the Asian countries. The second part of the paper is a review of the literature on the effects of the 1997 Asian financial crisis on the economies of the Asian countries. The third part of the paper is a review of the literature on the effects of the 1997 Asian financial crisis on the economies of the Asian countries.

TIDAK DIPERDAGANGKAN UNTUK UMUM



SASTRA MIRUDA

Agus Sri Danardana

PERPUSTAKAAN
PUSAT PEMBINAAN DAN
PENGEMBANGAN BAHASA
DEPARTEMEN PENDIDIKAN
DAN KEBUDAYAAN

Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa

Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

Jakarta

1999

**BAGIAN PROYEK PEMBINAAN BUKU SASTRA INDONESIA
DAN DAERAH-JAKARTA**

TAHUN 1998/1999

**PUSAT PEMBINAAN DAN PENGEMBANGAN BAHASA
DEPARTEMEN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN**

Pemimpin Bagian Proyek : Dra. Atika Sja'rani
Bendahara Bagian Proyek : Ciptodigiyarto
Sekretaris Bagian Proyek : Drs. B. Trisman, M.Hum.
Staf Bagian Proyek : Sujatmo
Sunarto Rudy
Budiyono
Sarnata
Ahmad Lesteluhu

ISBN 979-459-930-1



HAK CIPTA DILINDUNGI UNDANG-UNDANG

Isi buku ini, baik sebagian maupun seluruhnya, dilarang diperbanyak dalam bentuk apa pun tanpa izin tertulis dari penerbit, kecuali dalam hal pengutipan untuk keperluan penulisan artikel atau karangan ilmiah.

Perpustakaan Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa	
No. Klasifikasi PB 899.237 DAN	No. Induk : 0199 Tgl. : 22-3-2000 Ttd. : us

S

KATA PENGANTAR

Masalah kesusastraan, khususnya sastra daerah dan sastra Indonesia, merupakan masalah kebudayaan nasional yang perlu digarap dengan sungguh-sungguh dan berencana. Sastra daerah dan sastra Indonesia itu merupakan warisan budaya yang diwariskan secara turun-temurun oleh nenek moyang bangsa Indonesia. Dalam sastra daerah dan sastra Indonesia terkandung nilai-nilai budaya yang tinggi. Nilai-nilai yang terkandung dalam sastra daerah dan sastra Indonesia itu akan sirna ditelan kemajuan zaman jika tidak dibudayakan dalam kehidupan masyarakat. Oleh karena itu, diperlukan upaya yang sungguh-sungguh untuk menjaga agar nilai-nilai tersebut tetap hidup di bumi pertiwi.

Sehubungan dengan itu, sangat tepat kiranya usaha Departemen Pendidikan dan Kebudayaan melalui Bagian Proyek Pembinaan Buku Sastra Indonesia dan Daerah-Jakarta berupaya melestarikan nilai-nilai dalam sastra itu melalui kegiatan pengolahan yang meliputi pengalih-aksaraan dan penerjemahan sastra berbahasa daerah.

Pelestarian sastra daerah perlu dilakukan karena upaya itu bukan hanya sekadar menyediakan sarana untuk memperluas wawasan kita terhadap sastra dan budaya masyarakat daerah bersangkutan, melainkan juga akan memperkaya khazanah sastra dan budaya Indonesia. Dengan demikian, hal itu dapat dipandang sebagai upaya membuka dialog antarbudaya dan antardaerah yang memungkinkan sastra daerah berfungsi sebagai salah satu alat bantu dalam usaha mewujudkan manusia yang berwawasan keindonesiaan.

Buku yang berjudul *Sastra Miruda* merupakan karya sastra Indonesia lama yang berbahasa Jawa. Pengalihaksaraan dan penerjemahannya dilakukan oleh Drs. Agus Sri Danardana, sedangkan penyuntingan dikerjakan oleh Drs Sutejo.

Mudah-mudahan buku ini dapat dimanfaatkan dalam upaya pembinaan dan pengembangan sastra Indonesia.

Jakarta, Januari 1999

Kepala Pusat Pembinaan dan
Pengembangan Bahasa

Dr. Hasan Alwi

DAFTAR ISI

	Halaman
KATA PENGANTAR	v
DAFTAR ISI	vii
PENDAHULUAN	1
Latar Belakang dan Masalah	1
SINOPSIS	4
TRANSLITERASI	7
TERJEMAHAN	57
DAFTAR PUSTAKA	111

PENDAHULUAN

1. Latar Belakang dan Masalah

Pertunjukan wayang (seni pedalangan), bagi suku bangsa Jawa pada umumnya, menduduki tempat yang amat penting dalam kehidupannya sehari-hari. Wayang tidak saja diyakini sebagai perlambang kehidupan manusia (baik perorangan maupun masyarakat), tetapi juga diyakini dapat memberi petunjuk bagaimana manusia harus hidup dan menunaikan tugas hidup di dunia (lihat Hardjowirogo, 1968:4 dan Poedjawijatna, 1983: 124). Oleh karena itu, tidaklah berlebihan jika banyak orang yang mengatakan bahwa wayang merupakan identitas utama manusia Jawa (Hardjowirogo, 1983:33).

Dilihat dari unsur-unsurnya, pertunjukan wayang merupakan perpaduan dari berbagai unsur seni: seni rupa, seni sastra, seni musik, seni tari, dan seni drama (Mulyono, 1979:20). Lebih lanjut, Mulyono mengatakan bahwa masing-masing unsur seni tersebut pada penampilannya, dalam pertunjukan wayang, tidak boleh menonjol dari yang lain. Unsur-unsur seni itu harus diolah, dirakit dengan sarana pentas yang lain, sampai sedemikian rupa sehingga merupakan satu kesatuan yang bulat. Artinya, pertunjukan wayang baru dapat berjalan dengan baik apabila seperangkat wayang, seperangkat gamelan, sebuah pakem (cerita wayang), sekumpulan lagu (*gendhing*), dan sekelompok orang (*dhalang*, *pesindhen*, dan *wiyaga*) berfungsi dengan baik pula. Sebagaimana hasil seni-seni lainnya, dalam perkembangannya, seni pedalangan selalu

menunjukkan perubahan. Perubahan itu tidak hanya terjadi pada salah satu atau beberapa unsur seni pendukungnya, tetapi terjadi pada hampir semua hal yang bertalian dengan dunia pewayangan. Bentuk wayang, misalnya, karena menurut sejarahnya tidak diciptakan oleh satu orang (menurut Herusatoto, 1984:114, wayang dicipta oleh banyak orang yang satu sama lainnya melakukan penyempurnaan dan menambah jumlah tokoh dengan corak yang berbeda-beda), masih terus mengalami perubahan. Begitu pula dengan pakem (cerita wayang), lagu (*gendhing*), dan teknik mendalang, ketiga unsur itu pun terus mengalami perubahan. Dalam hal ini Ki Manteb Soedarsono (salah satu dalang kondang di abad ini) dapat kita jadikan contoh. Ia telah berkreasi membuat seperangkat (satu kotak) wayang "kera dan raksasa" yang khusus untuk melakonkan cerita-cerita Ramayana. Ia pun sering melakonkan cerita-cerita *banjaran* (pakem atau cerita wayang ciptaan Ki Narto Sabdo yang berupa biografi tokoh) dengan iringan aneka alat musik dan *gendhing*, baik yang lama maupun kreasi baru. Bahkan, dalam kaitannya dengan teknik mendalang (khususnya dalam hal keterampilan memainkan wayang), dalang asal Karanganyar, Surakarta, ini mendapat julukan "*dhalang setan*".

Sastra Miruda, sebuah naskah tulisan tangan berbahasa dan berhuruf Jawa yang berisi sejarah wayang, gamelan, *gendhing*, serta tata cara dan contoh mendalang (yang akan ditransliterasi dan diterjemahkan) ini merupakan sebuah bukti otentik yang merekam adanya perubahan-perubahan itu. Dengan demikian, pentransliterasian dan penerjemahan *Sastra Miruda* jelas merupakan tindakan yang harus segera dilakukan. Pentransliterasian dan penerjemahan itu bukan hanya akan dapat menyelamatkan naskah (*Sastra Miruda*), melainkan juga dapat memudahkan orang untuk dapat memahaminya.

Transliterasi adalah pemindahan macam (jenis) tulisan yang dipakai (Robson, 1978:30). Dalam kegiatan ini, yang dimaksud dengan transliterasi adalah pemindahan tulisan Jawa ke tulisan Latin. Sementara itu, penerjemahan yang dilakukan adalah penerjemahan dari bahasa Jawa

ke bahasa Indonesia.

Oleh karena *Sastra Miruda* merupakan naskah tunggal, edisi penyuntingannya harus disesuaikan dengan keberadaan naskah. Menurut Robson (1978:42), naskah tunggal harus diperlakukan secara hati-hati, seraya menyorot sifatnya agar jangan sampai ada segi-segi yang dikaburkan. Untuk itulah, pertama kali yang dilakukan dalam kegiatan ini adalah pentransliterasian dengan tetap mempertahankan kekhasan naskah: mempertahankan kata-kata yang mencirikan kata lama dan mempertahankan ejaan yang berasal dari ejaan yang lama (yang dipakai dalam naskah). Agar transliterasi ini tetap berfungsi dengan baik (mudah dipahami pembaca), penulisan kata-kata yang tidak memperlihatkan kekhasan naskah akan disesuaikan dengan *Ejaan Bahasa Indonesia yang Disempurnakan*. Sementara itu, jika sampai terjadi ada penghilangan dan penambahan huruf atau suku kata, akan diberikan catatan khusus.

Naskah yang ditransliterasi dan diterjemahkan adalah fotokopi naskah bertulisan tangan berhuruf dan berbahasa Jawa yang berjudul *Sastra Miruda*. Naskah itu didapat dari Bagian Proyek Pembinaan Buku Sastra Indonesia dan Daerah, Departemen Pendidikan dan Kebudayaan. Sayangnya, identitas naskah itu tidak diketahui secara baik, kecuali ciri-ciri fisiknya saja: tebal 162 halaman, 14 x 20 cm, dan 12 baris per halaman.

Oleh karena *Sastra Miruda* merupakan naskah tunggal, metode yang digunakan adalah metode standar atau edisi biasa (seperti yang dianjurkan Robson, 1978:43), yakni membagi kata-kata, menggunakan huruf besar dan puntuasi, serta membetulkan kesalahan teks dengan membuat catatan-catatan sebagai pertanggungjawaban transliterasi.

SINOPSIS

Pada dasarnya naskah ini berisi sejarah wayang (menurut dugaan penulis dikisahkan oleh Kanjeng Pangeran Arya Kusuma Dilaga), baik wayang *purwa* (kulit), *beber*, maupun *gedhog*. Namun, di sela-sela kisahnya itu muncul pertanyaan-pertanyaan yang dilontarkan oleh Sastra Miruda tentang banyak hal yang berkaitan dengan kisahnya tersebut.

Konon, wayang *purwa* pertama kali dibuat pada tahun 861 oleh Prabu Aji Jayabaya di Mamenang dalam bentuk yang sangat sederhana: lukisan wajah para dewa di atas daun tal dan belum menjadi seni pertunjukan karena memang belum ada cerita wayangnya. Pada tahun 1031, saat Empu Aji Saka memerintah, barulah cerita itu ada, itu pun baru terbatas pada cerita para dewa. Selanjutnya, hampir semua penguasa di Jawa (para raja: sejak kerajaan Jenggala hingga Surakarta dan Yogyakarta; serta para wali) secara bertahap mengadakan penyempurnaan wayang, baik bentuk, cerita, maupun musik (*gamelan*)-nya. Bahkan, beberapa di antaranya ada yang membuat jenis wayang baru, yakni *wayang beber* dan *wayang gedhog*.

Di sela-sela kisah itulah muncul pertanyaan-pertanyaan Sastra Miruda, antara lain, sebagai berikut.

- (1) Bagaimana awalnya sehingga muncul istilah *cerita kulon* dan *cerita wetan*? Apa perbedaan kedua cerita itu?
- (2) Apa perbedaan wayang buatan Ki Crema Pangrawit dengan wayang

buatan Ki Gonda? Mengapa wayang buatan kedua orang itu sangat mahal? Apakah buatan orang lain tidak dapat menyamainya?

- (3) Apa yang dimaksud dengan *wayang panggungan*, *wayang kabongan*, *wayang pranakan*, *wayang carangan*, *wayang liyepan*, *wayang lanyapan*, *wayang pendhelengan*, *wayang gusen*, dan *wayang prepatan* itu? Mengapa pula dalang
- (4) Apa yang dimaksud dengan perang *gagalan* dan perang *sampak*? Apa pula fungsi perang *gagalan*, *kembang*, dan *sampak* itu?
- (5) Mengapa pada saat mendalang, dalang sering menggunakan ragam *ngoko*? Apa perbedaan antara *kaucapaken* dan *pocapan* serta bagian manakah yang disebut *cariosing dalam* (narasi) itu?
- (6) Apa yang dimaksud dengan *gong saruntut rarasipun*? Apa pula yang dimaksud dengan *laras* dan *iramaning gendhing rangkep irama lomba*?
- (7) Apa yang dimaksud dengan *menaikkan* dan *menurunkan gendhing*? Apa pula yang dimaksud dengan *cengkok* itu?
- (8) Gamelan apa yang digunakan untuk mengiringi *wayang teledhek*?
- (9) Sejak kapan munculnya *wayang teledhek* yang diikuti oleh kaum laki-laki (*tayuban* atau *janggrungan*) itu?
- (10) Apa perbedaan tarian *bedhaya srimpi* dengan tarian *teledhek*?
- (11) Kapan tari *wireng*, *lawung*, dan *dhadhap* itu muncul? Bagaimana kedudukan ketiga jenis tari itu di zaman Surakarta?
- (12) Bagaimana keberadaan gamelan *slendro-pelog* dalam sebuah perjamuan? Apa pula perbedaan antara *pathet* dan *sendhon* itu?
- (13) Bagaimana dalang menerapkan ketiga *pathet* (*nem*, *sanga*, dan *manyura*) di pentas? Konon, *suluk* dan *greget saut* itu banyak ragamnya. Apa sebenarnya yang dimaksud dengan *suluk* itu?
- (14) Tolong, jelaskan tentang *ayak-ayakan* dan *kerepan* dalam pewayangan.
- (15) Apa sebabnya dalang selalu mencari *penabuh gender*, *rebab*, *kendhang*, dan *gong* yang cocok? Apakah penabuh-penabuh itu

tidak dapat dilakukan oleh sembarang orang?

- (16) Apakah benar bahwa semua dalang harus menggunakan *gendhing gender*? Apa perbedaan *gendhing gender* dengan *gendhing rebab*?
- (17) Ada berapa macamkah pedoman seni pedalangan itu? Bagaimanakah sikap mendalang yang baik itu?
- (18) Mengapa setiap ada pergantian adegan, *kayon* selalu ditancapkan di tengah layar?
- (19) Dapatkah Tuan memberi contoh cerita wayang kulit yang biasa dibawakan oleh para dalang di Kasepuhan?

Demikianlah, semua jawaban atas pertanyaan-pertanyaan itu dapat ditemukan pada naskah ini. Selanjutnya, naskah yang berjudul *Sastra Miruda* ini diakhiri dengan sebuah contoh cerita wayang (lengkap dengan kata-kata yang harus diucapkan dalang) dengan lakon "Palasara".

Transliterasi:

SASTRA MIRUDA

- /1/ 1. Nalika jumenenge Prabu Aji Jayabaya, angedhaton ing Mamenang, anyorek warnane para leluhure. Kang ginawe papan roh tal. Kang cinorek dhisik dening Prabu Jayabaya gambare Bathara Guru. Sapiturute para dewa, nganti tumeka gambaring Bambang Parikenan. Bareng wus dadi ingaran wayang purwa. Marmane aran wayang pangameke kang ginambar wis ora wujud ing jaman purwa. Mulane wayang mau lanang wadon padha tindhik. Kagawa babone kang cinorek marang
- /2/ Prabu Jayabaya mau arca, dadi mirid patrap sandhang panganggone bangsa Hindustan. Rampunging panggambaring wayang mau sinangkalan gambare wayang wolu: 861
2. Ing nalika Empu Aji Saka jumeneng nata, angadhaton nagara ing Purwa Carita, ajejuluk Prabu Widhayaka, anganggit pakem lalakone wayang purwa. Kang ginancarake cacaritane para dewa sapiturute. Sinangkalan: ratu guna maletik tunggal, 1031
3. Saadege karaton ing Jenggala amarengi taun 1120.
- /3/ Kang jumeneng nata Prabu Lembu Amiluhur. Oleh 24 taun kagentenan marang ingkang putra panenggak, yaiku Raden Panji Kasandriyan, ajejuluk Prabu Surya Wisesa. Karsa Nganggit

wawangunaning wayang purwa. Papane ron tal dijud dedege.

Para kadang kadeyan melu anggarap. Saben Prabu Surya Wisesa miyos siniwaka sorekan mau kaladekake, winadhahan kandhaga sarta nganggit pakem lakoning wayang purwa. Iku awite wayang nganggo tinabuhan

/4/ gamelan salendro. Apa maneh nganggo disuluki ing tembung kawi, manut pathetane gamelan salendro. Kanggo pasamuwan Prabu Surya Wisesa kang andhalang, para kadang kadeyan nabuh gamelane. Sinangkalan: tata karya titising dewa, 1145.

4. Raden Kuda Laleyan sumilih jumeneng ratu, nagara ing Janggala, ajejuluk Prabu Surya Amiluhur. Oleh 3 taun tumuli ngalih kadhaton nagara ing Padjadjaran. Amangun wanguning gambar wayang purwa. Babone corekan ing Janggala. Jinujud gedhe lan dhuwure. Papane daluwang jawa. Sinangkalan: wayang magana rupaning janma, 1166.

/5/ 5. Raden Susuruh jumeneng nata, ajejuluk Prabu Baka. Angadhaton nagara ing Majapait. Mangun wayang purwa. Papane daluwang ginulung dadi sagulung sarta winuwuhan ricikane. Kaaranan wayang beber. Yen kagem ing karaton, gamelane lestari gamelan salendro. Dene wayang beber kang linakokake wong dhalang, tabuhane rebab. Perlune kanggo murwakala yen ana wong kena ing ila-ila, pangupadrawa anandhang malacintraka, kayata:

bocah ontang-anting sapanunggalane lan wong
/6/ karubuhan dandang, adu gelake gandhingnya pipisan. Iku kudu rinuwat ing wayang beber murih sampurna enggone kasangkala, pinedikan sasajene sarta dupa gonda wido. Katelah jaman samangko, wong manggap wayang kudu nganggo dupa, manut ila-ilane jaman kabudan. Rampunge amangun wayang beber mau sinangkalan: gunaning bujongga

nembah ing dewa. 1273.

6. Ing nalika jumenenge Prabu Brawijaya ing Majapait. Kacarita sang Prabu kagungan putra wasis anggambar. Papanira den sungging praskara. Ingandikakake amangun busanane wayang beber. Pinandara ing pulas moncawarna. Pinapantes sinatriya punggawa tuwin para raja-raja. Sinengkalan: tanpa sirna gunanaing atmaja, 1300.

/7/

7. Sabedhahe karaton ing Majapait, ing nalika taun 1433, geni murup siniram ing wong, wayang beber sagamelane padha kaboyong marang nagara ing Demak. Kacarita, Kanjeng Sulatan Angalam Akbar kasengsem marang karawitan sarta karenan lalangenan wayang. Asring kapareng ngasta andhalang wayang beber. Ing mongka wayang lan gamelan iku kasebut ing kitab fekih pada karam. Para wali sahabipraya padha karancang nganggit wayang supaya ilang wujud ing gambar. Kang ginawe walulang kebo tinipisake. Dhasarane putih gelung gerusan ancur, prabote pinetha ing mangsi. Raine wayang ginawe miring, tangane irasan, ginapit siji-siji, katancepake ing kayu bolong jejer-jejer. Ing saben Kanjeng Sultan lenggah mayang, kang jinejer ing panggungan mau ingunjukake, banjur kasebut wayang purwa. Dene wayang beber isih lestari dadi duweke dhalang mongka tanganggapane para abdi dalem gedhe-cilik ing nagara miwah ing desa. Sinengkalan: sirna gusti aturing dewa, 1440.

/8/

/9/

Kanjeng Sultan Angalam Akbar jumeneng antara 3 warsa. Kanjeng Susuhunan ing Giri anganggit wuwuhing panganggo kethek sarta gancaring lalakon. Kanjeng Susuhunan Benang anganggit panyumping wayang ana ing panggungan kiwa tengen. Kanjeng Sultan Angalam Akbar amuwuhi ricikaning gajah-jaran, prampogan. Kanjeng Susuhunan ing Kalijaga nganggit kelir, kadebog, balencong

- kothak, sarta muwuh kayon. Iku minongka sangkala memet.
Ingkang asring andhalang Kanjeng Susuhunan ing Kudus.
- /10/ Tinabuhan gamelan salendro. Nalika iku wiwit ana suluk
greget saut. Sinangkalan: geni dadi gustining jagad, 1443.
8. Raden Tranggana jumeneng nata, ajejuluk Kanjeng
Sultang Angalam Akbar kaping 3. Amangun wanguning
wayang purwa. Disuda gedhene. Ugere mawa liyepan karo
mata pandelengan. Wadone angore kiswa. Wayange palwaga
lan reksasa matane padhang loro. Dewane cawetan kadya
arca. Sarta nganggit lalakoning wayang. Iku wiwite wayang
nganggo den kuning warata. Dadine sakothak aran kidang
/11/ kancana. Nalika iku sinungan sangkala memet arupa dewa
Sanghyang Girinata nitih Lembu Andini. Sinangkalan: salira
dwija dadi raja, 1478.
9. Kanjeng Susuhunan Ratu Tunggal ing Giri yasa wayang
gedhog, Cacangkoking paraupan, kang kinarya babon
wayang purwa. Tanpa nganggo buta kethek, rineka nganggo
tekes. Wayange wadon angore kiswa. Prabote kalung gelang,
rapek, jamang, anting-anting, kelat bau. Lalakone nagara ing
Janggala, Kadhiri, Singosari, Ngurawan. Sabrangane
sangprabu Kelana, narendra ing Bali. Balane Bugis. Banjur
/12/ nganggit pakeme wayang gedhog sarta suluk greget saute
bineda karo wayang purwa. Tabuhane pelog. Kang andhalang
abdine Kanjeng Susuhunan Kudus, aran Widiyaka. Sinungan
sangkala memet arupa dewa Sanghyang Widiyaka. Sinungan
sangkala memet arupa dewa Sanghyang Bathara Guru angasta
sisgarane ginubet naga. Sinangkalan: gagamaning naga
kinarya dewa, 1485.
10. Nalika Susuhunan Benang yasa wilapa Damarwulan,
kang jinejer lalakone nagara ing Majapait tengahan.
- /13/ Jumenenge ratu ayu nuju taun 1315 anunggal wayang beber,

cilik. Tatabuhane winuwuhan terbang, kendhang, angklung, lan keprak. Kalanturing pakecapan, wayang beber atabuhane kathiprak. Sinengkalan: wayang wolu kinarya tunggal, 1486.

11. Raden Jaka Tingkir jumeneng sultan ing Pajang. Ajejuluk Kanjeng Sultan Adi Awijaya, nuju ing taun 1403. Akarsa amangun wawangunaning wayang purwa. Babone wayang yasan Demak. Para ratu pinapantes parabote. Ana kang nganggo topong, ana kang nganggo gelung. Satriya saweneh angore. Ana kang nganggo badhong, praba, sarta rineka dodotan. Ana kang nganggo calana, pinet pantes sowang-sowang. Wadone asesampur ngore kiswa. Buta kethek nganggo dodot mata loro. Dewane isih wangun arca. Kabeh wayang mau tangane irasan, winuwuhan angrenggep gada, bindhi, alugara. Wiwit iku wayang purwa lan gedhog padha tinatah gayaman. Sarta kapareng nganggit pakeming wayang purwa myang gedhog. Sinengkalan: ponca boma marga tunggal, 1505.

12. Kanjeng Susuhunan ing Kalijaga nganggit topeng kang ginawe saka kayu, mung sarai. Winangun methok kaya paraupane manungsa. Jejere ing lalakon padha karo wayang gedhog, nganggo buta. Wandane mirip karo wayang purwa. Prabote bekel, rapek, calana, sondher, Endi topeng kang metu jinejer lanang wado: mawa joged. Jogede pinatut dhewe-dhewe, kayata, puputren lan saraga, panji, gunungsari, anda-ga, klana, pependhul utawa balancer. Buta karo raton bineda ukeling joget lan kakembangane. Tabuhane gamelan salendro, sarta sawiji-wijining topeng pinabuh gendhing dhewe-dhewe. Sinangkalan: angesti sirna yakseng bawana, 1508.

13. Kanjeng Panembahan Senapati Ingalaga amangun wawangunaning wayang purwa. Wiwite tinatah gempuran rambute, sarta wayang gedhog padha nganggo nyangelit

keris. Utawa, amuwuhi ricikan wayang beburon alas, manuk sapanunggalane. Sinangkalan: rupa pat gatining janma, 1641.

14. Ing sajumenengipun Susuhunan Prabu Sundha Anyakra Pati ingkang seda ing Krapyak, amangun wangunaning wayang purwa. Babone wayang kidang kancana, jinujud sawigaring palemahan. Arjunane pinaringan aran Kyai Jimat. Iku wiwite wayang purwa myang gedhog tangan-baune sinopak tuwin winuwuhan wayang dhagelan, sarta winuwuhan gagaman keris, panah sapanunggalane bangsane lalandhep. Nalika iku ana wong asli saka Kedhu Bisa mayang, banjur ingabdekake ana ing karaton, andadekake kaparenging karsa dalem sajroning praja ing Mataram maringruwat nganggo wayang beber, nanging padha nganggo wayang purwa sarma.
- /17/ Rampunging mamangun pinaringan sangkala memet rupa buta murgan. Ing padhalangan ingaran Padya..., wong akeh anyebut Buta Cakil. Wujuding wayang buta mata siji tangane loro, anyengkelit keris, siyunge siji metu teka lambe. Sinangkalan: anembah gamaning buta tunggal, 1552.

15. Ing sajumeneng dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Sultan Agung Anyakrakusuma, karsa amangun wangunaning wayang purwa. Prabote wayang lanang-wadon padha tinatah. Wayang lanyapan kajait, dedege sangkuk. Wayang kang pancen kadhelen manawa kajait sinung mata kecondhongan, awit wayang wandane rangkep-rangkep. Breng wus ganep salakon.
- /19/ Janakane pinaringan jeneng Kyai Mangu. Sinungan sangkala memet rupa buta mata siji nganggo jalu rambute ingore sumunggi. Ing padhalangan sinebut buta prepatan, dene kaprah ing akeh diarani buta rambut geni. Tekane jaman Surakarta iki saben-saben yasa wayang kena katemtokake nganggo buta prepatan loro iku. Dadi ora ginawe sangkalaning taun. Rampunging mamangun, wandane Janaka

kaprah ing akeh diarani buta rambut geni. Tekane jaman Surakarta iki saben-saben yasa wayang kena katemtokake nganggo buta prepatan loro iku. Dadi ora ginawe sangkalaning taun. Rampunging mamangun, wandane Janaka Mangu sinangkalan: jalu buta tinata ratu, 1553.

16. /20/ Ing sajumeneng dalem Inggang Sinuhun Mangkurat ing Mataram, inggang sumare ing Tegal Arum, karsa yasa wayang purwa. Bareng dadi sakothak, Janakane pinaringan aran Kyai Kanyut. Wiwit iku wandane Janaka tuwa dadi telu: jimat, mangun, kanyut. Lan wayang akeh kang anduweni wonda rangkep-rangkep. Kaparingan sangkalan memet: buta alasan anyekel badham tanpa prabot, mung cawetan kaya arca. Ing nalika iku wiyosing dhawuh timbalan dalem para abdi dalem dhalang ora kalilan angruwat, liyane Kyai Anjangmas. Sanadyan ing padesan manawa ana dhalang katanggap kinen amurwakala, uga kudu lapur sarta jaluk lilahe Kyai Anjangmas. Apa maneh wong sambarang wayang badhek utawa topeng, wiwit dikenakake prebeya, aran pajeg pajuwehan, marang kang abener anampani. Sinangkalan: wayang buta ing wana tunggal, 1556.

17. /22/ Inggang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Mangkurat, inggang sumare Tegal Arum, amangun wangunaning wayang gedhog. Jinujud saligar palemahan sarta winuwuhan ricikane. Wandane mirid wayang purwa. Anunggal taun Ratu Pekik ing Surabaya ambabarake wayang caritane Damarwulan. Kaanggit ginawe wayang walulang. Wandane mirid wayang gedhog: padha anyengkelit keris. Tatabuhane kethuk, kenong, saron, rebab, kecer, kempul. Kaaranan wayang krucil. Lakune saben rahina, tanpa kelir. Karsane kang yasa wayang gedhog mau, kang ginawe sangkala memet arupa Bathari Durga ancik-ancik watu gilang kathukulan ing lung-lungan. Sinangkalan: watu

tunggangane buta widadari, 1571.

/23/ Sabedhahing nagara Mataram, ingkang Sinuhun kaseser marang Banyumas. Sabanjure kendel ana ing Tegal. Abdi dalem dhalang jeneng Kyai Anjangmas nusul metu ing Kedhu sinambi ambarang wayang purwa. Kang kalakoake lalakone Petruk. Dene rabine Kyai Anjangmas sawayange kabandhang ing musuh. Banjur ambabarang wayang purwa, amumulang dhalang tanah pra nagara. Anglakokake lalakon Bagong. Marmane katelah kongsi jaman saiki tanah Kedhu sapangulon tumeka ing Cirebon, para dhalang ora ana padha nganggo Bagong. Ing Pranaraga sapangetane ora ana kang nganggo Petruk.

Aturipun Sastra Miruda:

/24/ Kawula nuwun, wiwitipun wonten titiyang amastani lampahan wetan utawi lampahan kilen punika kados pundi pamendhetipun ing nama. Makaten malih bentenipun punapa lampahan wau. Saha kawula asring mireng reraosanipun tiyang amastani lampahan jejer kaliyan lampahan carangan utawi lampahan carang kadhapur. Mugi keparenga mijangaken ingkang sampun mupakat ing padhalangan. Pangandikanipun Kanjeng Pangeran Arya Kusuma Dilaga: Sastra Miruda, pitakonmu wiwite ana lalakoning wayang purwa ingaran lakon wetan lan lakon kulon, sarta wijanging lakon jejer, lakon carangan, lan lakon carang kadhapur ing ngisor iki pratelane.

/25/ Ing saadege karaton ing Kartasura, ing sajumeneng dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susunan Mangkurat, amarengi taun 1603, sinangkalan: mantri sirna angoyak jagad, uliye Nyai Anjangmas angaturake salawase kabandhang ing mungsuh ana tanah Pranaraga anglakokake andhalang wayang purwa nganggo lalakon Bagong. Tumuli karsa dalem lakon anggite

/27/ Nyai Anjangmas, karsa dalem ingandikakake anglakokake abdi dalem dhalang kasepuhan, sarta tinurut kinumpulke dadi pakeming dhalang kasepuhan, yaiku lakon kulon, lungguhe anglakokake wayang Petruk. Mungguh bedane lakon loro iku mung nunggal-misah sawatara. Garbane akeh balungane lalakon wetan. Kang mengkono mau bok manawa rehne anggite wong wadon supaya dawa aja kongsi ora bisa tutug sawengi, sarta suda wileting pocapan. Dene bab lakon kang kalebu jejer bedane karo lakon carang kadhapur utawa bedane karo carangan, mangkene:

/28/ Lakon jejer mau kang kalebu ing pakem padha turut caritane kagawe salakon-salakon kanggo mayang sawengi-wengine maneh isih turut lalakone saemper kaya caritane layang babad, kayata: lakone nagara ing Mandraka ilange Dewi Irawati. Jejere iya nata ing Mandraka, sabengine maneh candhake lakon rabin Jaladhara daub karo Dewi Irawati. Dene lakon carang kadhapur, kayata: lakon jejer salakon tumuli sinambungan karo carangan, ananging caritane kaurut lalakon jejer mau iku kang ingaran lakon carang kadhapur. Tegese, isih dhapuring carita. Dene lakon carangan iku kang pisah karo jejer ora ana candhake lalakon maneh.

/29/ Ing buri bakal dak caritakake ana wekasane wasita ingkang supaya kowe bisa prastawa marang wiwijanganing lalakon jejer, carang kadhapur, lan carangan. Lan supaya kowe banjur tumuli sumurup, bisa matrapake pratingkahe wong amayang. Ing saiki aku arep anutugake kojahku ing ngarep, bab kahananing wayang yasan ing Kartasura tumekane yasan ing Surakarta.

18. Ing sajumeneng dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Mangkurat amangun wangunaning wayang purwa. Babon wayang yasan ing Mataram. Arjunane wonda mangu.

- Putrene digelung awarna-warna pinet pantese lan sinukarta ing prabot jamang, kalung, gelang, kelat bau, ulur-ulur. Wayang linepas pan ora kajait. Tumuli yasa Arjuna wandane kinanthi. Dewa, liyane Sanghyang Jagad Pratingkah lan Bathari Durga, padha sinung klambi myang sepaton, nganggo slendhang. Oandhita klamben boya mawa sepatu. Pinaringan sangkala memet rupa buta gundhul gulu cendhak, irung nerong glathik. Ing padhalangan karan buta endhog. Marmane ingaran mangkono marga buta iku mata siji, dedege sast bunder. Sinangkalan: marga sirna wayanging raja, 1605.
- /31/ 19. Kanjeng Pangeran Dipati Pusering Kartasura yasa wayang purwa. Babone wayang yasan Mataram. Arjunane wonda kanyut. Wiwit iku tumapake mamangun wayang sabrangan, liyepan, lan panthelengan, tuwin buta repatan padha kinlambenan, sikepan gedhe, nganggo keris. Pinaringan sangkalan memet rupa buta wadon sinungan prabot kaya lanang, mata siji, tangane loro. Katelah ingaran buta Kenya Wandu. Tegese kenya, prawan. Wadu, abdi utawa wadya. Sinangkalan: buta nambah rasa tunggal, 1625.
20. Sajumeneng dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Pakubuwana kaping 2, amarengi taun 1650, yasa wayang purwa. Pinepakan wandane: Arjuna mangu, kanyut, Kang natah jeneng Crema Pangrawit karo Kyai Gonda. Iku wiwite wayang liyepan, lanyapan padha kajait. Malah ingkang Sinuhun karsa angasta natah Arjuna nom kang saikine isih ana ing aku. Bareng wayang mau wis dadi pinaringan aran Kyai Pramukanya. Pinaringan sangkalan memet rupa buta mata siji irunge kaya terong gopek nyangkelit keris. Ing padhalangan diarani buta congklok. Tegese, buta ginawe patakon. Sinangkalan: buta lima angoyak jagad, 1655.
- /33/ 21. Nalika Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan mangun

wangunaning wayang gedhog, wandane Panji mirid Arjuna. Gunungsari mirid Somba. Wayange puteri padha digelung kaya putren wayang purwa sarta binusanan dodotan. Sarampunge kaparingan jeneng Kyai Banjet sarta kaparingan sangkala memet rupa Bathari Durga klamben nganggo sepatu angasta cis rinambatan ing lung-lungan. Sinangkalan: wayang misik rasaning widadari, 1656.

Kacarita sajumeneng dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Pakubuwana kaping 2 ing Kartasura akeh lalangening praja kang winangun utawa tanggapan kang asli saka ing amonca praja ambabarang marang nagara Kartasura. Kayata, wayang golek, wayang purwa, lan tarebang. Caritane Menak sarta Mursada. Malah ana warta ing Kudus ana wayang golek lalakone Wong Agung Menak arep katimbangan marang Kartasura. Akeh para ulama kang amambengi ing karsa dalem. Pinuju ana undhagi baut angukir, angluwihi awiging pakartine anggarap kayu kaukir warna-warna. Tumuli karsa dalem amangun wayang karucil. Kang ginawe kayu, mirid yasane Pangeran Ratu Pekik. Yaiku kang ginancarake wayang Damarwulan. Basa wis dadi kasebut wayang krucil kayu. Kaprah ing akeh aran wayang klithik. Tabuhane

lokananta, kethuk, kenong, kendhang, kempul. Sarone kagawe raras miring, tanpa gendhing, mung palayonan. Jenenge bango-bango mati. Sinungan sangkala memet rupa kayon ing tengah cinetha lawang jinaga buta amundhi gada. Sinangkalan: gapura lima retuning bumi, 1959.

Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Pakubuwana kaping 2 pindhah saka Kartasura mareng Surakarta nuju ing taun 1690. Ing sajumeneng dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Pakubuwana kaping 3 ing Surakarta amarangi taun 1699. Tinengeran giri sapta rinasa tunggal. Nuli paron

nagara: Surakarta lan Ngayogyakarta, yaiku Pagiyanti, amarengi taun 1680. Tinengeran bramara angoyak bumi.

Kanjeng Pangeran Adipati Arya Mangkunagara kapisan tundhuk marang nagara Surakarta manengi taun 1682. Tinengeran miyat sarira ngrasa wani. Akarya wayang wong gancaring carita purwa. Tinengeran wiwarastha wayangi janma, 1689.

22. Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom kaping 2 ing
/38/ Surakarta yasa wayang purwa rong lakon. Sakothak-kothake wandane pinepakan. Babone wayang Kyai Pramukanya. Winangun pinapantes saprayoganing busana. Buta, kethek matane siji. Kang natah aran Crema Pangrawit lan Ki Gonda. Dadine salakon pinaringan jeneng Kyai Mangu. Kang salakon Kyai Kanyut. Dedege binuwang sangkuke. Wiwit iku mari pinaringan sangkala memet, amarga jaman iku wus akeh wong kang padha bisa ngukir sastra ana ing palemahaning
/39/ wayang kang tianatah. Rampunging karsa dalem angyasani wayang 2 kothak mau. Sinangkalan: resi trus kawayang tunggal, 1697.

23. Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom yasa wayang maneh. Babone uga Kyai Pramukanya. Dijujud sasigar palemahan. Buta, kethek mata siji. Wandane dipepaki. Kang natah Creme Pangrawit lan Ki Gonda. Ricikane sing natah Crema Truna, Crema Bonga. Bareng wus dadi kacaosake ing karaton. Katelah ingaran Kyai Pramukanya Kadipaten. Sinangkalan: tanpa muksa pandhiteng praja, 1700.

- /40/ Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Pakubuwana kaping 4 kasebut Ingkang Sinuhun Bagus. Jumeneng dalem amarengi ing taun 1715. Sinangkalan: tataning bumi pandhita raja. Karsa yasa wayang purwa. Babone Kyai Mangu. Busanane putren padha winangun amrih sayogya lan dijujud

sapalemahan. Wandane rangkep-rangkep. Kang natah Creme Pangrawit, Ki Gonda sakancane. Wayange kathongan padha binusana mowa makutha. Bareng dadi sakothak kaparingan jeneng Kyai Jimat. Sinangkalan: yaksa sikara mangrik panggah, 1735.

- /41/ 25. Ingkang Sinuhun yasa wayang maneh. Babone Kyai Kanyut, jinujud sapalemahan. Prabote pinadha lan Kyai Jimat. Wayange wadon angundhakan panjujude, pinapantes gedhe lan dedege. Wandane rangkep-rangkep. Kang natah Crema Pangrawit sakancane. Basa wus dadi pinaringan jeneng Kanjeng Kyai Kadung. Ing nalika iku dadi pangremen banget dene ana wayang jujudan dinulu ijeh sedhet lan kaya kang durung dijujud. Sanadyan para dhalang agawok sarta kapencut ing wawangunan, luwih maneh para putra lan tan miwah para nayaka utawa mantri akeh kang padha kapengin yasa wayang wawangunane mirid kaya Kyai Kadung mau. Nanging kok ana kang bisa niru ora tumeka jamanku iki, pira-pira para leluhur kang padha ngarsakake aniru yasa wayang jujudan, siji ora ana kang kabeneran kaya Kyai Kadung mau. Tinengeran: wayang loro sabdaning nata, 1726.
26. Karsa dalem Ingkang Sinuhun yasa wayang gedhog. Babone yasan ing Kartasura kang ingarani Kyai Banjet.
- /43/ Winangun wanguning wayang saha busanane kang bejujag rinata pinurih ritige. Panatahe Crema Pangrawit sakkancane sarta ana pethilan panatah saka desa ing Palar jeneng Ki Sabongsa tinimbangan ingandikakake natah Guru, Kresna. Iku kawit ing Surakarta sarupaning wayang kang jujudan, bathara wandane Kresna. Karsa dalem ngyasani wayang ricikane lan wayang dhagelan dadi sakothak. Dene yasan dalem wayang gedhog mau wandane mirid wayang purwa arangkep-rangkep.
- /44/ Bareng dadi salakon pinaringan jeneng Kyai Dewa Kathong.

Sinangkalan: tanpa guna pandhiteng praja, 1730.

Ana sawiji nyonyah bongsa Eropis. Kacarita saking dahat kesengseme marang lalangene bongsa Jawa, kalakon agawe wayang wong carita purwa. Rehne ora kurang beya, marma kalakon kang sinedyakake. Tatabuhane gamelan salendro, nganggo topeng, nanging wangune wayang purwa. Dene patrape kang anjoget kaya topeng. Ing nalika iku tukange ukir kang kondhang awig pakartine angukir topeng jeneng

/45/ (1) Mothi, (2) Robyong, (3) Sawijaya, (4) Kyai Obrus.
Sinangkalan: nyonyah telu matur ing ratu, 1731.

Inggang Sinuhun Kanjeng Susuhunan karsa mewahi anggite lalakon wayang purwa lan gedhog sarta mundhut lakon marang abdi dalem dhalang jeneng Kyai Lebda Jiwa Tuwa, diklumpuke dadi pakem, diurutke karo kagungan dalem layang Bratayuda, Rama, Wiwaha, lan layang Candrasangkala kang padha isih tembung kawi, pakem ing kraton. Apa maneh mangun greget saute wayang purwa lan wayang gedhog, dipatut karo wayang kang disuluki. Methik saka kagunungan dalem layang Candrasangkala kang padha isih tembang kawi. Sinangkalan: katon guna swareng nata, 1732.

27. Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom kang kaping 3 ing Surakarta karsa yasa wayang rama. Gancaring lakon wiwit Lokapala. Babone wayang Kadhipaten. Dedege dijujud karotengah palemahan. Buta tangane pada loro. Matane siji. Kethek matane siji. Pepak sacaritane layang Lokapala lan Rama, layang Arjuna Sasra. Dadine wayang sakothak mau kang akeh buta lan ketheke. Sinangkalan: swareng pawaka kagiri raja, 1737.

/47/

Aturipun Mas Sastra Miruda:

Kawula nuwun, kados pundi bentenipun ringgit tatahanipun Ki

Crema Pangrawit kaliyan tatahanipun Ki Gonda. Amargi kawula asring mireng para dhalang utawi sanesipun ingkang sami remen lalangen ringgit wacucal sami milala angsal ringgit kina tatahanipun Crema Pangrawit kaliyan tatahanipun Ki Gonda sami purun numbas regi awis. Mongka dhawuh dalem, liya Ki Crema Pangrawit tuwin Ki

/48/ Gonda inggih sampuh kathah tiyang saget natah lambat saha kawical sae. Punapa boten wonten ingkang saget sami. Pangandikanipun Kanjeng Pangeran Arya Kusuma Dilaga, makaten:

Sastra Miruda, pitakonmu bedane tatahan wayang purwa gawehane Creme Pangrawit iku luwes angremet. Tatahane Ki Gonda nyengkaruk padhang. Mungguh luwese padha. Sanadyan ing jaman kuna tumeka saiki uga akeh wong kang padha pinter natah mirid tatahane wong loro iku, nanging
/49/ meksa ora bisa padha amarga ukeling tatahan iku ora sae karo ukeling tulis sastra Jawa. Sanadyana pira-pira wong kang bisa nulis, ananging kawujudane mesthi geseh. Padhaa ukele lan sajak wangunane, resike iya kacek. Padhaa resike, mangkonoa nganggone tembung iya durung angepleki. Mangkono uga wong natah wayang, duwe pasemon dhewe-dhewe. Wong kang kulina marang wayang janji ana wujud wae kaya wis
/50/ ora susah pitakon maneh mesthi bisa nitik tatahane wong loro mau. Dene kandhamu ing jaman saiki akeh wong kang padha milala tatahane Creme Pangrawit utawa Ki Gonda, wayang kuna iku wus bener bae. Marga wayang lawas iku akeh kang durung jujudan kapenak digawe mayang. Kajaba mangkono akeh kang padha yasaning para luhur, dadi ora kurang prayoga panggarape walulang lan sapanunggalane.

Aturipun Mas Sastra Miruda:

Kawula nuwun, ingkang dipun wastani ringgit

/51/ panggungan, ringgit kabongan, ringgit pranakan, ringgit carangan, ringgit liyepan, lanyapan, pandhelengan, ringgit gusen, tuwin ringgit prepatan punika ingkang pundi. Punapa malih dhalang bilih angringgit winastan manggung, pamendhetipun saking pundi.

Pangandikanipun Kanjeng Pangeran Kusuma Dilaga:

Sastra Miruda, pitakonmu wayang panggungan, kelire dhalang mayang iku binage telu. Kang sabageyan tengah benering balencong sahasta punjul sakilan. Manengen sahasta bener iku diarani pasaban. Kelir kiwa tengening paseban
/52/ diarani panggungan. Dadi kang dijenengake panggungan yaiku wayang kang padha dijejer. Panatane diarani nyumping. Piridane saka enggone jejer, wayang kiwa tengen datan kena geseh, kudu urut katata kaya sumping benering panggonan kang mesthi.

Kang ingaran wayang kabongan, yaiku para ratu kang dipanggung kiwa tengen. Kang diarani wayang pranakan, sarupaning wayang putraning ratu lan putraning satriya kang padha milu jinejer ing sumpingan kiwa tengen. Kang ingaran wayang dugangan, sarupaning wadya kethek myang buta kang
/53/ ora sinumping, kalebu dugangan. Panjukuke saka pratingkah kang peranging wayang ora banjur namakake gagaman, kudu dugang-dinugang, bithi-binithi, buang-binuwang dhisik. Ing kono lagi susumbar arep anamakake gagaman.

Kang diarani wayang ricikan, yaiku kayon, prampogan, jaran, gajah, reta, sarta gagaman. Tegese, bok manawa saka tembung racik. Angganepke praboting lalakon. Sanadyan wayang ricikan ora kalebu wayang jejerling lalakon, nanging
/54/ mesthi kanggo. Upama kurang salah sawijine kayon, prampogan, jaran, gagaman, bakale ora tumindak ginawe mayang.

Wayang dhagelan iku wujud buta cilik tanpa prabot. Kaprah ingakeh ingaran wayang setanan. Perlune, ginawe wadya bala wadu barate Bathari Durga. Yen pinuju wayang lalakon nganggo wadu barat anggora-godha, apadene ginawe wadu barat manawa nuju andhalang murwakala pangaweke. Marmone diarani dhagelan. Tegese, buta tanggung.

- /55/ Wayang gusen iku kang padha menga cangkeme. Kayata, sang Dursasana sapanunggalane. Iku kaaranan gusen. Dene Sangkuni sarta para kurawa panunggalane Kartamarma iku ingaran tanggung. Tegese gusen mau endi kang padha katon gusine. Kang ingaran wayang liyepan, lanyapan, pandelengan, ugere miturut wanguning mata. Siji mata liyepan, loro mata pandelengan. Wayang kang mata liyepan kajait. Kanggo ing wayang langak. Ingaran lanyapan. Wayang pandhelengan kajait dadi mata kacondhongan. Pinet prayogane dhewe-dhewe. Pangameke tembung liyepan mau ruruh. Kayata, /56/ Arjuna sapanunggalane kang padha tumunggul. Pangameke lanyapan iku wayang kang baranyak. Kayata, Somba sapanunggalane kang nglangak. Kang ingaran wayang kantepon iku wayang kang kasuthangen, kadawan sikil, kuarang timabang karo pawakane. Iku kang jeneng wayang kantepon wiridane saka wong tiba linggih, iku ingaran tiba kantepon. Kangmesthi dawa salonjor ing sikil. Tinimbang karo lungguh ing bokong tumeke ing endhase.

- /57/ Mungguh kang ingaran wayang murgan yaiku wayang kang ginawe Arjuna tuwa. Wandane ora miturut siji jimat loro kanyut telu mangu iku ingaran murgan. Tegese, samirungga andhewe. Dadi marojol saka wandane wayang kang wus kaprah. Umpamane, wong bathik tanpa pola. Ditembungake ngunjuk. Tegese, pepakan.

Kang diarani buta prepatan yaiku buta sangkalan, siji

panyareng, loro buta rambut geni, telu buta endhog, papat buta congklok, lima buta wedon. Ing saiki winuwuhan buta gombak perlu ginawe ganeping 1 alakon. Yen metu ratu buta utama ratu sabrang ginawe caraka saangkatan kanggone mung telu kanthi Togog Saraita utawa parlu ginawe prang kembang. Tegese prang kemabang iku perang nganggo pepati wayang kang ora jinejer ing lalakon. Mung minongka kembangan patining caraka. Pangameke mula aran buta prepatan mau. Dene patrape prang kembang buta tetelu ginawe patang prakatan. Sapisan buta panyareng prang keplayu anjaluk bantu. Kapindho, buta rambut geni banjur perang mati. Tumuli perang kaping telune buta endhog utawa buta congklok utawa buta gombak salah siji banjur prang ya mati. Kaping pate buta panyareng maning uga mati.

/59/ Aturipun Mas Sastra Miruda:

Kawula nuwun, ingkang winastan perang gagal tuwin prang sampak tumrap kanggenipun ing paringgitan kados pundi. Saha punapa bambu sawilah gamcaring lalapahan ringgit purwa mawi prang gagal, prang sekar, tuwing prang sampak.

Pangandikanipun Kanjeng Pangeran Arya Kusuma Dilaga:

Sastra Miruda, prang gagal iku perang pangkat sapisan, kang tanpa pati. Prang kembang kanggo pangkat kapindho. Pangkat katelu perang sampak, kanggo pungkasaning lalakon wayang. Banjur kalumpukan bubar.

/60/ Dene longkanging prang kembang karo prang sampak iku ingaran prang gagal. Nanging pranging wayang mau kabeh orang mesthi, miturut lakoning wayang dhewe-dhewe. Saweneh lakoning wayang nganggo prang gagal utawa ora. Sanadyan prang kembang lan prang samapak meh kena kapesthi nganggo, ananging ana sawijining lelakon jejer kang

ora nganggo perang kembang lan perang sampak. Sawingi muput iku perange mung perang gagalane bae. Mungguh teges lan wijang-wijange mengkene:

/61/ Sarupane perang kang ora nganggo papati iku aran perang gagalane. Prang kang nganggo papati kang ora jejer anuju wayah pathet sanga. Iku aran perang kembang. Perang kang wekasan angganggo pepati iku perang sampak. Mungguh jejering wayang purwa sanadyan babanyolan iku kagawa saka cucuding dhalang. Ewadene lakon jejer ana kang diarani banyolan ajeg. Yaiku banyolan kang wus diarani banyolan ajeg. Yaiku banyolan kang wus ditamtokake kaya ugering lalakon. Amesthi kudu kaanggo banyolan mau. Mulane yen kowe bisa mayang, prayoga nganggo lakon jejer. Dene mung manut pakem wileting gunem sabanyole wus padha dipratelakake kabeh.

/62/ Aturipun Mas Sastra Miruda:

Kawula nuwun, kados pundi dhalang manawi angringgit tinembungaken manggung. Punapa malih kula asring sumerep pangucapipun dhalang salebeting ngringgit, wonten wonten ingkang tembungipun ngoko. Saweneh sami teka pakewet anggen kawula angraosaken. Saha punapa bantenipun kaucapaken akaliyan pocapan. Punapa malih ingkang katembungaken cariosing dhalang punika ingkang pundi.

Pangandikanipun Kanjeng Pangeran Arya Kusuma Dilaga:

/63/ Sastra Miruda, marmane dhalang yen amayang tinembungake manggung iku mbok manawa mirid unining manuk prekutut. Tegese, anggunging kutut iku ana kang ganep tembung ana kang kurang. Mangkono uga dhalang, ana kang kurang tanduk utawa ganep.

Dene yen mayang marmane mawa tembung ngoko myang krama iku wis bener. Pancen tembung ing padhalangan

iya kudu cacamboran. Kang nganggo tembung krama iku tegese pangucaping dhalang. Larasing tembung tumanduk marang kang nanggap miwah marang kang padha amriksani. Tembunge ngoko iku anetepi anggone anyaritakake wayang.
 /64/ Dene tegese kang aran caritaning dhalang amayang...

/65/ Ing nalika Sanghyang Guru angejawanthah jumeneng
 /66/ nata ana nagara ing Meddhang Kamulan, ajujuluk Sri Paduka Maharaja Dewa Suddha, tumuli yasa pura winangun sawarga ana ing gunung Mahendra. Iyaiku gunung Lawu. Anganggit tabuhan lokananta. Ricikane gendhing kalasangka. Papatut sahuranya. Gendhing iku kemanak, kala, kenong, sangka, kethuk. Pamatut kendhang, sauran egong. Tatabuhan mau saben para dewa anglenggot bawa. Nanging durung mawa gendhing lagi playon kethuk loro, telu kenong, pindho egong.
 /67/ Saantara maha raja dewa Buddha muksa marang kahyangan ing kadewatan. Ingkang anggenteni rinatu para dewa Sanghyang Endra, ajujuluk Sanghyang Surapati. Angadhaton ing Suralaya. Kacarita, ing Kaendran katiban mulat. Tegese, sosoty kang linuhur utawa luwih adi. Nulya pinudya-pudya sinidhikara dening para jawata dadi widadari pitu: Supraba, Wilotama, Warsiki, Surendra, Gagarmayang, Irim-Irim, Tunjung Biru. Sawuse banjur dinawuhan padha layang.

/68/ Tegese, anjoget angubengi saambaning sagaran Suralaya. Nuli ingandikakake ambadhaya. Tegese, ajar karo joget sarta tinabuhan ing kidung. Sinangkalan: sangkala muni ing talingan, 277.

Gamelan lokananta piningake ing Bathara Endra. Winuwuhan ricikane aran caluring. Diruntutake rarase karo lokananta. Gendhing oleh lima lan nem. Iyaiku kemanak kala oleh lima, sangka oleh gulu, sauran oleh gulu, dhaluring dibo-
 /69/ yong papat, ginawe saka wuluh rarase oleh lima, gulu,

- barang. Pamatut iku duweni swara telu, bem, gendhung, kempyang, iyaiku kempyanging kendhang ginawe teteg lan kendho-kencenging irama. Basa wus dadi gamelan mau ginawe tabuhaning widadari yen ambaddhaya. Saben para dewa anglenggot bawa gendhing, lagune ingaranan gendhing swara katawang. Dene panginggile widadari mau kaanggit
- /70/ pangkate kanggo ing saiki badhaya mau ingaran ambatak. Awit endhol ajeg endhol weton, gamelane ingaran lokananta. Sinangkalan: swara matenggeng karna, 287.
- Ing nalika Bathara Citra Sena kautus marang nagara Purwa Carita amaringake tatabuhan surendra marang Sri Raja Kano. Sawuse katampan, ora suwe Sri Raja Kano anganggit wuwuhing ricikan grantang, iku rebab; salundhi, iku saron sapangkon cacah limang wilah kapatut ing rasa rarase. Sawilah ingaran nem, sawilahe maneh ingaran lima. Sawilahe nuli ingaran dhadha, nuli aran gulu. Dene sawilahe genepe limang wilah diarani barang.
- /71/ Rarase diurutake karo rarase gamelan surendra. Banjur diarani gamelan salendro. Sinangkalan: swara guna ingkang katon, 337.
4. Ing nalika Sri Maha Raja Kano ambabarake kagunaning gendhing salendro sarta pathetane ginawe telung pangkat: pathet nem, pathet sanga, pathet manyura. Sinangkalan: samadya guna dahana, 338.
- /72/ 5. Sri Maha Raja Kano iyasa tatabuhaning aprang ingaranan mardangga. Rarase surendra, ricikane kalasongka: gunar, bairi, gurnang, thongthonggrit, teteg, maguru mongsa. Sinangkalan: trusing rana katingal, 339.
6. Sajumenenge Prabu Basurata ing Wiratha, emuwuhi ricikaning gamelan salendro: gender lan salukat, sarta

gendhing, kapindho merong, kang kaping telu ladrangan. Utawa nganggit gendhing gender. Sinangkalan: tanpa swara kauningan, 370.

/73/ 7. Ing nalika adege karaton ing Janggala, nuju taun 112, ing nalika iku ing tanah Jawa pinarasat kang jumeneng nata binathara: 1 ing Janggala, 2 ing Kadhiri, 3 Singasari, 4 ing Ngarawan. Para nata nganggit joged ing sarimpi. Kang baksa putri papat. Tinabuhan gamelan salendro. Sinangkalan: rupa loro titihing dewa, 1121.

8. Jumenenging nata Panji Kasatriyan, ajejuluk Prabu Surya Wisesa, karsa nganggit gamelan salendro. Winuwuhan ricikane bonang gedhe, bonang penerus, demung, saron barung lan penerus, kecer, ketipung, slenthem, kempul. Iku wiwite wayang tinabuhan gamelan salendro. Tumuli anganggit gamelan

/74/ moggang, kodhok ngorek, carabalen, lan kala ganjur. Kabeh iku rarase salendro. Ing kono wiwite pandhe gamelan disebut gendhing. Marmane katelah tumeka jaman saiki para gendhing. Marmane katelah tumeka jaman saiki para gendhing yen gawe gamelan arane miturut panji sakadang kadeyane. Sinangkalan: angesthi tata-titising Wisnu, 1158.

9. Prabu Surya Wisesa anganggit beksa dhadhap lawung sapapadhane ginawe ajar ing prang. Tinabuhan gendhing warna-warna sarta prameswari Dewi Candra Kirana anganggit beksane badhaya srimpi. Tinabuhan gamelan surendra. Sinangkalan: katon beksa putrining narendra, 1263.

/75/ 10. Ing saadege karaton nagara Demak para wali pakumpulan Sinuhun ing Giri anganggit gamelan pelog. Ginawe tatabuhaning wayang gedhog sarta nganggit kagungan dalem gamelan sakaten ginawe pahargyan tinabuhing saben bakda garebeg Mulud. Sarta yasa gamelan srunen, ginawe

tabuhaning prajurit. Sinangkalan: sura pitu kinarya tunggal, 1477.

- /76/ 11. Nalika Susuhunan ing Giri amakili karaton ing Demak, nganggit gendhing gamelane pelog sarta salendro. Ginawe telung pangkat, sendhon lima, sendhon nem, lan sendhon barang. Sinangkalan: angethi swara gustining janma, 1478.

Aturipun Mas Sastra Miruda:

Kawula nuwun, kados pundi dhawuh dalem sanesipun gendhing mirong kaliyan ladrangan. Punapa malih kawula asring mireng wicantenipun tiyang amastani gendhing taledhek sarta katawang, ingkang sampun katamtu kagem tatabuhanipun kalangenan dalem badhaya ing karaton. Pangandikanipun Kanjeng Pangeran Arya Kusuma Dilaga:

- /77/ Sastra Miruda, bab pitakonmu bedane gendhing lan gendhing mirong sarta gendhing ladrangan tuwin gendhing gedhe, gendhing taledhek lan gendhing katawang, kang ginawe nabuhi beksane kalangenan dalem badhaya. Wijange sawiji-wiji, rungokna mangkene:

Mungguh kang diarani gendhing iku cengkoke sathithike loro, utawa nganggo munggah sarta niba. Gendhing mirong iku cengkoke siji, kehe cengkok loro tanpa munggah tanpa niba. Gendhing gedhe mau kapidir ing akeh sathithike. Unining kethuk sadurunge tekan ing kenong, kang akeh diarani

- /78/ gendhing gedhe, kang sathithik diarani gendhing cilik. Dene gendhing taledhek lan sarupaning gendhing anggite panjak ambarangake taledhek. Tumekaning nagara banjur kaanggit marang niyaga. Iku kang aran gendhing taledhek. dene gendhing kang asline teka saka ing ngamonca praja, manawa ing Surakarta kene wis ana gendhing utawa ladrangan. Banjur kaaran tekan asline. Kayata, ludira Maduralahela kali Bener, kagok Madura, sekar gadhung Bagelen, sapapadane. Iku

/79/ gendhing saka ing ngamonca. Mungguh gendhing katawangan amungguh-aniba, kang tinabuh mung kemanak, kethuk, kenong, kendhang, lan gong, sarta lagu swaraning pasindhen. Bok manawa mengkonono mau mirid gamelan lokananta, nalika ginawe nabuhi beksaning widadari ing Surendrabawana. Duk ijeh jamaning kadewan.

Aturipun Mas Sastra Miruda:

Kawula nuwun, ingkang winastan egong saruntut rarasipun punika kados pundi. Saha raras punika punapa. Utawi ingkang sinebut iramaning gendhing rangkep irama lomba punika wijangipun kados pundi. Ingkang winastan irama punika punapa.

/80/ Pangandikanipun Kanjeng Pangeran Arya Kusuma Dilaga: Sastra Miruda, gamelan kang ingaran runtut rarase iku kang awor swaraning sarupaning ricikan. Kayata, barange saron sapiturute, tuwin gender, bonang sapapadhane. Mengkonono aran runtut. Dene kang jeneng raras mau serenging swara. Kayata, barang gedhe lan manis, balik tinabuhbareng,

/81/ serenging swara bisa bareng awit tunggal rarase. Mungguh kang kasebut irama iku longkanging kethuk nalika muni sapisan tumekane muni kapindho. Kang ingaran rangkep lomba panabuhing ricikan kabeh yen suwe lete unining kethuk kaaranan irama landhung. Kang anabuh gender, gambang, saron, panerus, lan rebab padha bisa angrangkep cengkok. Manawa cedhak unining kethuk, diarani irama seseg. Kang nabuh ricikan pasthi ora bisa ngrangkep cengkok. Dadi sinebut irama lomba.

Aturipun Mas Sastra Miruda:

Kawula nuwun, ingkang winastan dhawah inggah-inggahing gendhing punika kados pundi, sarta ingkang panjenengan dalem dhawuaken cengkok punika dunungipun kados pundi.

/82/

Pangandikanipun Kanjeng Pangeran Arya Kusuma Dilaga:
 Sastra Miruda, kang ingaran unggahing gendhing iku kayata nalika unining gendhing sadurunging munggah kethuk papat munggah kethuk wolu sapiturute. Kang diarani nibani gendhing kayata sadurunge niba, kethuk arang loro utawa papat, niba dadi ladrangan. Dene sing diarani cengkok iku tibaning kenong lan wilahaning saron, kang ambarengi gong. Tegese, umpamane gendhing gonge niba wilahana lima, nuli sagongan tiba gulu. Sagongan maneh tiba barang, banjur tiba nem iku aran sagendhing cengkoke papat. Yen mung ngambah sawilah cengkoke siji. Mangkono sabanjure.

Aturipun Mas Sastra Miruda:

Kawula nuwun, ringgit taledhek punika bilih ambabarang tatabuhanipun punapa.

Pangandikanipun Kanjeng Pangeran Arya Kusuma Dilaga:
 Sastra Miruda, ing jaman kuna tabuhaning taledhek ambarang iku mung trebang. Dene kang ambukani gawe gendhing, panjake iya kang anabuh kendhang utawa trebang. Iku basa teka akhiring nagara Surakarta iki. Tledhek ambarang nganggo tinabuhan bonang telu, egong, lan rebab. Saiki nganggo bonang sapangkon. Lawas-lawas sapungkurku ayake taledhek ambarang iku ditabuhi kalenengan utawa gamelan gedhe. Ing jaman kuna mau sanadyan taledhek iku mung tinabuhan trebang, kendhang bae, iwa dene kerep padha jinogedan kaya nayuban mangkono. Iya iku kang diarani janggrungan.

Aturipun Mas Sastra Miruda:

Kawula nuwun, awitipun wonten ringgit taledhek anjoged mawi dipun sisihi pambeksaning janma priya, kadosta nayuban utawi janggrungan punika mirid saking anggitan ing jaman punapa. Sarta ukeling babeksan mendhet saking

cengkokipun beksan punapa.

Pangandikanipun Kanjeng Pangeran Arya Kusuma Dilaga:

Sastra Miruda, ananing taledhek ambarang iku wiwit jaman Demak. Gamelane trebang, kendhang. Lekase anggendhing binukanan dening swara. Mangkono mau mirid jaman kabudan. Kacarita, jogeding widadari, tatabuhane swara katawang. Tekane karaton ing Janggala kacarita Prabu Surya Wisesa, yen kondur angadhaton pinethuk ing prameswari, ana samadyaning paringgitan padha angigel, sarta kinormatan ing gamelan salendro. Dadi babaksan nayuban mau mirid duk jumenenge Prabu Surya Wisesa. Iku tumekane jaman Demak dianggit para santri Dul Guyeng Birahi. Yen padha ambukani dhikir nganggo tinabuhan angklung, kendhang, lan tarebang. Sarta ana santri lanang lan wadon, sing pinatah Ngempraki, iyaiku jogede angemperi lelakoning gendhing pelog utawa salendro. Sabanjure tayub mau dadi lelangening bongsa Jawa ing desa miwah nagara, wong cilik lan priyayi yen duwe gawe mantu, tetakan sapanunggalane padha kasukan bujana nayuban.

Aturipun Mas Sastra Miruda:

Kawula nuwun, kados pundi beksaning badhaya srimpi bantenipun beksaning taledhek.

Pangandikanipun Kanjeng Pangeran Arya Kusuma Dilaga:

Sastra Miruda, bab jogede kalangenan dalem badhaya, awite jajar cacache sanga. Manawa badhaya ing Kadhipaten utawa badhayaning para nayaka sarta badhaya ing Kapatihan, ing jaman kuna padha kacaosake marang kraton. Ingkang joged saadeg pitu iji. Patrape iya ajar kaya badhaya ing kraton. Dene gendhinge salendro utawa gendhing pelog. Nanging ora kena yen nunggal kanggo babahane badhaya ing karaton. Mungguh kalangenan dalem sarimpi saparangkat lan

/89/ sing joged 4. Siji, kakancuhan loro-loro. Jogede nganggo laras saengga Jogeding wireng. Bab jogeding taledhek, sadurunge gamelan munggah utawa niba gendhingé iku isih mirid gendhing jogeding sarimpi. Ukeling joged utawa nganggo laras. Ing mangsane gamelan wis niba utawa munggah, taledhek mau duwe joged dhewe. Tegese, ora angemperi jogeding badhaya sarimpi, yaiku ngateping ngentrok dhedhet, medhi kengser lan sesirig. Nanging saiki jogeding taledhek binuwang ugere, angemperi jogeding wadonan topeng.

Aturipun Mas Sastra Miruda:

/90/ Kawula nuwun, wiwitipun wonten beksa wireng, lawung, dhadhap sapanunggilanipun nalika jaman punapa. Sarta kados pundi wijang-wijangipun ingkang sampun kagem ing karaton dalem Surakarta.

Pangandikanipun Kanjeng Pangeran Arya Kusuma Dilaga:

/91/ Sastra Miruda, pitakonmu bab anane joged laras, dhadhap, lawung sapanunggalane, caritane mangkene: Ing saadege karaton ing Janggala, Prabu Lembu Amiluhur anganggit beksaning para putra. Ginawe kaprigelane angasta curiga lan andhadhap, sarta ginawe kaprigel bondayuda, anamakake sanjata. Pinapantes pasang rakiting beksane. Pangajare mawa tinabuhan gamelan salendro. Malih kacarita ing jaman Jenggala mau para satriya myang punggawa sapapadhane manawa amangun prang nganggo sondher sarta angigel. Tumekaning jaman Demak beksaning wireng ora kanggo kalangenan ing karaton. Tumekaning karaton ing Pajang beksaning wireng badhaya wiwit kawangun maneh lan tinabuhan gamelan pelog utawa salendro, lestari tumeka karaton ing Mataram lan ing Kartasura. Badhaya sarimpi wireng kagem pasamuwan lalangené karaton. Dene bab

- /92/ kanggo ajar bondayuda mung kari lawung, iyaiku parigeling perang tutumbakan padha dharat, utawa amrih parigel angreh turongga. Iyaiku Panjenengan dalem nata yen Miyos legar ing dina Setu, dadi pasamuwan gedhe ana ing alun-alun. Awit, adeging kraton ing Mataram temuka adeging karaton ing Surakarta. Ing sajumeneng dalem ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Pakubuwana kaping 3 karsa mangun beksaning dhadhap, lawung sapanunggalane. Baboning joged saka ing Madura. Iyaiku nalika ngarepake paparon nagara. Panembahan Cakraningrat kang mumulang sakehing bebeksan.
- /93/ Sawuse akir jumeneng dalem sampeyan dalem kaping 3, para putra santana dalem padha kaajar beksa dhadhap. Tameng gelas lawung, tameng panah towok miwah sodoran. Nganggo tinabuhan gamelan salendro pelog, Galaganjur utawa Carabalen. Gendhing warna-warna pinapantes lawan jogede. Ing sajumeneng dalem Ingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Pakubuwana kaping 4 karsa yasa prajurit prawireng, pinilihan
- /94/ kang pantes dedeg sangadege. Padha diajar joged kinarya lalanging praja. Dene pratelan ananing joged utawa cacahe kang anjoged, rungokna kang prastawa. Tak pratelakne:
1. Joged Panji Tuwa, sing joged wong siji (ijen)
 2. Joged Panji Nom, sing joged wong loro
 3. Joged Gelas Gedhe, sing joged wong 4
 4. Joged Gelas Cilik, sing joged wong 4
 5. Joged Panah Cilik, sing joged wong 4
 6. Joged Panah Gedhe, sing joged wong 2
 7. Joged Tameng Pedhang, sing joged wong 4
 8. Joged Tameng Glewang, sing joged wong 4
 - /95/ 9. Joged Tameng Badhung, kang joged wong papat
 10. Joged Dhadhap Alus, kang joged wong papat

11. Joged Karna Tinandhing, kang joged wong papat
12. Joged Dhadhap ..., kang joged wong papat
13. Joged Dhadhap Kanoman, kang joged wong papat
14. Joged Lawung Gedhe, kang joged wong papat
15. Joged Lawung Cilik, kang joget wong papat
16. Joged Sodoran, kang joged wong papat
17. Joged Tameng Bobok, kang joged wong 2

Aturipun Mas Sastra Miruda:

/96/

Kawula nuwun, menggah kawontenaning gong salendro pelog sapanunggalanipun, kangge pakurmatan utawi lalangenaning karaton, kados pundi patrapipun saha punapa ingkang kapethil kangge nabuhi manawi andhalang ringgit purwa tuwin gedhog. Tuwin punapa bentenipun pathetan kaliyan sendhon ingkang sami: kangge ing paringgitan gedhok kaliyan purwa.

Pangandikanipun Kanjeng Pangeran Arya Kusuma Dilaga:

/97/

Sastra Miruda, pitakonmu gamelan pelog salendro sapanunggalane kang kanggo pakurmatan utawa lalangenaning karaton, utawa patrape kang ginawe nabuh ing wayang purwa utawa gedhog, sarta bedane pathet karo sendhon, iku mangkene, rungokna kang tetela.

/98/

1. Kagungan dalem monggang patalon, ginawe tatabuhane manawa ingkang Sinuhun miyos watangan ing alun-alun saben Setu. Katelah ing akeh aran gamelan setu utawa seton, amarga gamelan mau tumekane jaman saiki, sanadyan sampeyan dalem ora miyos watang, saben dina Setu isih ditabuh bae. Panabuhe ana ing panggonan sawetaning alun-alun saloring kandhang macan.
2. Kagungan dalem gamelan lokananta kanggo saben ingkang Sinuhun miyos watang kondur dalem

angadhaton, gamelan lokananta kanggo anjajari tindak dalem, sinenggakan Ngabei Sukalalewa, 2, Ngabehi Canthang Balung, nganggo kepyak calapita.

3. Kagungan dalem gamelan monggang gedhe ginawe pakurmatan wiyos dalem saben Garebeg, utawa ginawe pakurmatan wiyos dalem manawa nuju taun Walonda tumapak, utawa yen amarengi taunane kanjeng raja ing Nederlan. Sarta ginawe pakurmataning lebune layang saka ing Betawi.

/99/ 4. Gamelan Kodhokngorek ginawe pakurmatan saben Garebeg, wiyos dalem ingkang Sinuhun ing Sitinggil, angurmati unining drele abdi dalem prajurit, utawa tinabuh ing saben malem Garebeg, unine saben wayah jam papat esuk. Sarta ginawe angurmati lebune layang saka ing Ngayogyakarta.

/100/ 5. Kagungan dalem gamelan sekaten gedhe, ginawe pakurmatan ing saben Garebeg Mulud, sasuwuke gamelan kodhokngorek, nuli gamelan sekaten tinatap, ginawa marang panggonan masjid gedhe, tinabuh sadurunge Garebeg, manggon ing bangsal sangareping masjid.

6. Kagungan dalem sakaten cilik ginawe pakurmatan manawa ana putra dalem kang miyos saka Kanjeng prameswari (Sriyudati) supit utawa krama miwah putra dalem kang waruju. Gamelan sakaten mau tinabuh ana ing paseban sri manganti, suwe-gelise gumantung ana sakaparenging karsa dalem.

/101/ 7. Kagungan dalem gamelan salendro, gamelan pelog ginawe nabuhi kalangenan dalem badhaya srimpi myang jogede prajurit prawireng.

8. Kagunagan dalem gamelan kala ganjur ginawe nabuhi

jogede abdi dalem wireng tameng towok utawa ginawe tatabuhane manawa ana kaparenging karsa dalem adu-adu macan lan kebo, apadene yen angrampok macan.

9. Kagunagan dalem gamelan cara balen ginawe tatabuhane abdi dalem wireng lan prajurit kang padha ajar beksa sodoran.

/102/ 10. Kagungan dalem gamelan srunen ginawe tatabuhane abdi dalem prajurit talang pati. Dene kang ginawe tatabuhane wayang gedhog, methik gamelan pelog. Wujude gender, rebab, kendhang, saron loro, gambang, suling, kempyang, kethuk-kenong, kempul, gong suwukan. Pangkate gendhing manut ing suluk sesendhone. Ing dalem sawengi ginawe telung pangkat. Kang dhihin, sendhon lima, awit lekasing pamayang tekane jam

/103/ sawelas, tumuli katampan sendhon nem nganti wayah jam satengah papat, genti katampan sendhon barang kongsi sabubaring wayang. Dene suluke amanut apa ing pathete aran manggala gita, dita watang, garjita watang, mijil magatruh. Mula gamelan pelog ingaran sendhon, amarga larasing pelog iku babon swara. Dadi yen ana wong ngarani pathet lima iku kaliru. Kang aran pathet lan lungguh ana gamelan selendro. Sanadyan gamelan salendro manawa suluk kang dibukani swaraning

/104/ dhalang, jenenge uga sendhon 67: yana sastra datan sapapadhane. Mungguh karsa dalem ingkang Sinuhun Pakubuwana ping 4 yasa gamelan wayangan gedhog, pinaringan aran Kyai Jayengkatong, sarta karsa dalem yasa gamelan wayang salendro. Wujude: gender, rebab, saron rong pangkon, kendhang-katipung, gambang, suling, kecer, kethuk-kenong lima, kenong nem, kempul nem, kempul lima, lan maneh gong suwukan. Basa wis

dadi pinaringan aran Kyai Jimat. Pangkating gendhing ginawe telung pangkat, manut pathetane. Pangkat sapisan pathet nem. Pangkat kapindho pathet sanga. Pangkat katelu pathet manyura.

Aturipun Mas Sastra Miruda:

/105/ Kawula nuwun, menggah patrapipun tiyang ngringgit purwa pathetan tigang pangkat wau patrapipun kados pundi. Dene pamireng kawula suluk, greget, saut punika kathah warninipun. Punapa malih tembung suluk wau kajengipun kados pundi. Mugi wontena sih wilasa dalem kapareng anerangaken.

Pangandikanipun Kanjeng Pangeran Arya Kusuma Dilaga:

Sastra Miruda, tegese pathetan katembungake suluk, awit pathetan mau sasmining dhalang marang wiyaga, bakal ngunekake gendhing apa dene seleh tampaning gendhing padhalangan sawengine ginawe telung pangkat. Kaya upamane

/106/ gendhing pathet nem, ayak-ayakan lan playon, iya padha nem. Yen dhalang ngajak genti tampaning gendhing sanga, iya sinasmitan pathet sanga utawa suluk greget saut sapanunggalane, ginawe sasmita marang wayang kang disuluki. Wijange rungokna mangkene:

1. Pangkat sapisan suluk nem gedhe, kanggo suluking wayang yen jejer.
2. Suluk nem cilik, kanggo suluk sajroning wayang jejer yen ana babak unjalane sarta unduring caraka.
3. Suluk pananggalan kanggo sajroning jejer yen guneming nata pinuju angemu suka.

/107/ 4. Suluk sendhon kloyoran, ginawe suluk adeging

kadhaton.

5. Suluk lasem, ginawe suluk sabubaring jaranan.
6. Suluk tlutur, ginawe nyuluki wayang kang jinejer semu sungkawa.
7. Suluk Kedhu, ginawe manawa ngajak ngalih pathet nem ganti pathet sanga, sabubaring perang gagalan.

Pangkat kapindho pathet sanga, ginawe suluking wayang angadeg sapisan gendhing sanga.

2. Suluk jengking, ginawe suluk manawa bambang nuju metu karo pandhita.
- /108/ 3. Suluk sendhon ulayana ginawe anyuluki punakawan mangkat angiringake bambang, lan manawa lakuning bambang mentas mandheg saguneman karo punakawan banjur lumaku maneh.

Pangkat katelu suluk manyura ginawe suluk adeging wayang kang nuju gendhing manyura.

2. Suluk jengking manyura ginawe suluking wayang pondongan kang nuju jroning pathet manyura.
3. Suluk tlutur barang miring ginawe suluking welasan sajroning pathet manyura.
- /109/ 4. Suluk sendhon sastra datan manyura cilik ginawe nyuluki wayang kang jinejer nganggo gendhing gender.

Greged saut iku suluk sasmitaning wayang bakal prang utawa wayang nepsu sarta ginawe sasmitaning dhalang menyang wiyaga yen wayang bakal prang, kudu tinabuhan gamelan palayon utawa kerepan. Suluk ada-ada iku minongka pangeling-elinging dhalang bakal angucapake ratu kang jinejer.

2. Suluk greget saut gedhe ginawe nyuluki wayang sajro-

- /110/ ning jejer yen ngemu duka utawa ginawe suluk adegane paseban jaba.
3. Greget saut nem cilik ginawe suluk manawa wayang sajroning ngadeg mengku nepsu.
 4. Suluk astakosala larase sabarang miring ginawe budhal jaranan. utawa ginawe suluk greget saut manawa bambang arep manah buta.

Pangkat kapindho suluk greget saut sanga gedhe, ginawe sasmita wayang bakal prang kembang.

2. Greget saut sanga cilik ginawe suluking wayang arep prang supaya wiyaga angati-ati bakal unining gamelan kerepan.
- /111/ 3. Greget saut manura gedhe, ginawe sasmita wayang yen bakal prang sampak.

Aturipun Mas Sastra Miruda:

Kawula nuwun, menggah wijangipun ayak-ayakan ingkang sami kaangge ing paringgitan, utawi plajengan utawi kerepan punika kados pundi. Punapa sadaya mau sami cengkokipun. Saha tumrap kanggenipun wonten ing paringgitan punapa pancen andarbeni lenggah piyambak-piyambak.

Pangandikanipun Kanjeng Pangeran Arya Kusuma Dilaga:

- /112/ Sastra Miruda, playon lan kerepan iku kanggo wayang peperangan. Cengkohe siji. Dene ayak-ayakan sairib kaya gendhing seje arane iya beda cengkohe. Tumraping pawayangan mangkene:

1. Playon nem iku pangkat sapisan, utawa ginawe tatabuhane playoning wayang sajroning isih pathet nem.

2. Playon sanga ginawe tatabuhaning prang kembang, utawa playoning wayang prang kapindho.
 3. Sajrone isih pathet sanga dungkap gentining manyura.
- /113/ 4. Manyura cilik ginawe tatabuhaning wayang prang ing wayah bangun ngarepake prang sampak.
5. Playon manyura gedhe ginawe tatabuhane prang sampak.
- Mungguh kang diarani ayak-ayakan nem, ginawe tatabuhane yen nuju jejering wayang kadhayohan bakal babak unjalan. (2) Ayak-ayakan lasem ginawe tatabuhane yen ratu sing dijejer bubar siniwi. (3) Ayak-ayakan anjangmas ginawe tatabuhane ratu angadhaton mandeg ing Sri
- /114/ Manganti, dhalang nuli anyaritakake rerengganing pura. Utawa sajroning kadhaton. Ayak-ayakan tlutur ginawe tatabuhane wayang welasan kang nuju kalakokake. (5) Ayak-ayakan pinjalan ginawe tatabuhane ratu Buta yen mentas siniwaka.
- Pangkat Pindho:
1. Ayak-ayakan manyura cilik, ginawe tatabuhane wayang lumaku sajrone pathet manyura kawitan.
- /115/ 2. Ayak-ayakan sastra datan manyura, ginawe tatabuhane wayang Lumaku manut sendhone.
3. Ayak-ayakan manyura gedhe, ginawe tatabuhane wayang Lumaku sajrone pathet manyura.
- Aturipun Mas Sastra Miruda:
- Kawula nuwun, kados pundi dhawuh dalem kawontenanipun nayaga paringgitan ingkang kedah kapilih, sarta ingkang saged dados kanthining dhalang.
- Pangandikanipun Kanjeng Pangeran Arya Kusuma Dilaga:
- /116/ Sastra Miruda, bab iku sukur kabeh wiyoga kang padha nabuh iku wus padha kulina anabuh ing wayangan. Marga niyaga nabuhi wayang iku sanajan bauta ing gendhing, yen

durung mateng dugane ing wayang iya ora bisa awor nabuhi wayang sebab kendho kencenging irama gamelan wayang ora ajeg. kudu manut wayang kang tinabuhan. Saupama ora bisane ganep kang nabuh wus kulina ing wayangan kabeh. Ugere mung panggender, pangrebab, pangendhang < lan pangegong.

Aturipun Mas Sastra Miruda:

/117/ Kawula nuwun, kados pundi dawuh dalem teka manawi angsal dhalang angringgit punika kedah angupados kanthi panggender, pangrebab, pangegong, tuwin pangendhang. Mongka pangraos kawula pangegong punika sami-sami niyaga remeh piyambak, boten susah milih sipat niyaga kemawon punapa boten saged angegong.

Pangandikanipun Kanjeng Pangeran Arya Kusuma Dilaga:

Sastra Miruda, mungguh pangiramu mangkono iku iya bener. Nanging, liyane nabuh gong wayangan. Yen tumrap /118/ niyaga wayangan, nabuh egong iku perlu. Wijange mangkene: Wiyaga kang nabuh gender iku kaja nabuh gendhing, parlu nganggo greget saut. Lan sajrone wayang paguneman, gender kudu jineman, iyaiku minongka pangeling-eling dhalang yen carita utawa bakal greget saute wayang kang paguneman mau. Lan maneh panggender kudu bisa ... gendhing gender kang pancen kanggo ing padhalangan. Wiyaga pangrebab kajaba kanggo ambukani gendhing, pangrebab kudu nyandhak marang sasmitaning dhalang, ngajak pathetan sajroning

/119/ mayang. Sarta pangrebab kudu acandhak marang sasmita wawangsalaning dhalang nalikaning jaluk gendhing. Niyaga pangendhang kudu angawasake solahing wayang. Najan sajrone paparangan pangendhang kudu anggembleki, iku minongka ototing dhalang amayang. Luwih maneh seseg-ambaning irama, wiyaga pangendhang kang nandhakake.

- /120/ Niyaga pangegong perlu anyauri cengkoke panggender lan saron ing sajroning wayang paparangan sarta kudu angrungokake sasmitane kendhang suwuk seseg ambaning irama. Mulane takarani parlu niyaga pangegong mau. Utawa sajroning wayang paprangan mau kempule jujur kang padha nabuh ricikan lan bisa anggenepake cengkok. Yen grendel kang nabuh kempul, niyaga kang nabuh ricikan liyane kadung. Iku bakal ambubrahake gelise dhalang yen mayang. Niyaga panggender, pangrebab, pangendhang, lan pangegonge ora kulina nabuhi wayang ora bisa becik pamayange. Apa dene panggender lanang iku sanadyan bisa gendhing, wijang tatabuhane, pancen tatabuhan lomba adu manis, sriwilan, ajejel tarampil sarta sampurna jinemane, ananging tandukking panggender lanang iku kajaba kausing masthi caking tangane antep. Cekake gender mau kudu tinabuh niyaga wadon, sebab antuk dhasar entheng tangane. Marmane sapatine panggender kang aran si Jelampang ing Surakarta kene nganti ing saiki durung ana panggender kang bisa dadi kanthining dhalang. Mangkono maneh dhalang iya banjur arang kang anetepi ugering padhalangan. Jalaran kurang sembada kang padha nabuhi.

Aturipun Mas Sastra Miruda:

- /122/ Kawula nuwun, punapa inggih saben dhalang angringgit mawi gendhing gender. Utawi bentenipun gendhing gender kalihan gendhing rebab. Punika kados pundi pancen lenggahipun gendhing gender punika kangge wedalipun ringgit punapa.

Pangandikanipun Kanjeng Pangeran Arya Kusuma Dilaga:

Sastra Miruda, anjaba psthining kanggo ing padhalangan, gendhing gender iku pancene ora nganggo rebab. Sarehning panggender ing jaman iki arang kang bisa marang

gender, dadi tinuntun dening pangrebab. Dene kang pasthi gendhing gender iku yen dhalang anuju murwakala utawa manawa mayang lakon perange Prabu Suyudana lan Arya Bratasena, sabubaring prangbratayuda, kanggone saben wayangan wetune buta prepatan.

/123/

Aturipun Mas Sastra Miruda:

Kawula nuwun, menggah ugering padhalangan punika pinten. Sarta patrapipun dhalang angringgiti punika kados pundi, supados sakeca tuwin gampang kangge anglampahi andhalang.

Pangandikanipun Kanjeng Pangeran Arya Kusuma Dilaga:

Sastra Miruda, mungguh ugering padhalangan, murih prayogane lan kapenake wongamayang iku mangkene:

/124/

1. Dhalang kudu mardawa lagu. Tegese, salebda ing gendhing, utawa tembang kawi-kawi kang ginawe anyuluki wayang.
2. Mardi bawa. Tegese, dhalang kudu bisa mimijang tembunging wayang, kayata basa kadhaton, tembung dewa, ucap-ucapaning manungsa myang buta, wadya pandhita sarta wijange karo swarane lan siji-sijining wayang aja kongsi madha. Iku aran ontawacana.
3. Awicarita. Tegese, dhalang kudu luwih samubarang kandhane, utawa ameruhi barang carita kang kanggo pawayangan.

/125/

4. Paramakawi. Tegese, dhalang kudu weruh marang tembung kawi kang ginawe anegesi carita kang masthi kudu tinegesan ing dasa nama.
5. Paramasastra. Tegese, punjul amumpuni ing kasusastran orane mangkono ugere bisa marang kawuh layang utawa aksara, ginawe ameruhi urute lalakon wayang.
6. Dhalang Wayang aja nganti ngowahi babalungane lalakon wayang lan ajanganti kabogelanpamayange, kurang lakon,

sarta aja nganti karahinan.

7. Yen amayang aja kongsi carita metu saka ing kelir. Apa maneh aja babanyolan kang lekoh. Aja anggarap kang dadi eruning kang mirsani.
- /126/ 8. Tegese nenem, aja kempa sajroning mayang, lan aja nganggo sengit utawa dhemen marang sawiji-wijining wayang.
9. Sabet. Tegese, aja anjagal yen nyabetake wayang kudu wayang aja nganti nyekel walulang. Dene patrap lan panatane wayang, tuwin araning piranti, kayata sawusing gawanganing kelir kapasang gadebok sinongga ing pathok, araning tapak dara, siji panggungan ginawe dhuwur, sijine kanggo paseban,
- /127/ ukurane sing dhuwur diwatesi cangkakane kang andhalang. Kelir kiwa tengen diwengkoni sasenenge, abang utawa ireng. Ing dhuwur rong tebah minangka lalangitane, ngisor satebah ginawe palemahane wayang kang padha jinejer ing paseban. Kelir ing kiwa tengen sinung bolongan kaya kanthongan, ginawe wadhah kayu kang diarani gligen, ditancepake ing gedebog, ing dhuwur eleh gawangan. Samasange kelir rada ginawe mayat kapara suku metu. Pakolehe yen kanggo anyabetake wayang ora nocok paraupaning wayang. Tali
- /128/ pangencenging kelir kang ngisor jeneng plajak, tumancep ing akadebog. Sawuse kelir kapasang tumuli kapasangan balencong kacanthelake ing piranti kayu tumancep ing gawangan, pernah tengah bener ing kelir. Ukurane palemahaning balencong ginaweya papak lan endhasing dhalang. Pakolehing dhalang yen angucapake bisa nyawang paraupaning wayang. Parlune supaya bisa angemper-emper ing swarane, pantese kalawan rupane, ukur doh-cedhake. Uruding balencong diarahake karo kelir longkang sakilan satebah, supaya ora kagesok ing sesa-
- /129/ betaning wayang. Ing sawuse balencong sinumet, kayon

pinasang katancepake ing kadebog, bener balencong, tumuli nata wayang kang sinumping ing panggungan kiwa tengen. Patrap jejeraning wayang paseban ginawe omba kang kiwa. Kang manengen antarane karo balencong saasta. Kang mangiuwa saasta sakilan. Mulane kinacek dijembari kang kiwa, marga yen ginawe jejer akeh wayang kang pancen tinancepake ing paseban kiwa mau. Yen panyampinge wayang ing panggungan mau wis rampung, tumuli nata wayang /130/ ricikan sing ana tutup kothak, kacepakake kang bakal kanggo. Kayata: prampokan, parekan, jaran, gajah, rata, gagaman, Togog Saraita, Semar, Gareng, Petruk, lan Bagong.

Rampung panatane wayang, nuli nata gamelan. Gender pinarnah sawurining dhalang bener. Panerus kiwaning gender, rebab tengening gender, Pangendhang burining gender. Gampang tengening rebab. Ricikan saron, kethuk, kenong, lan egong manggon ing buri pisan.

Sarampunge panataning wayang lan gamelan, banjur talu. Saantara suwuking gamelan, dhalang marang ngisor balencong. Lungguh sila tumpang kapara miring mangiwa. /131/ Pakolehe kapenak panata pandhudhuhing wayang ing kothak, kang bakal kanggo, sarta parigel yen nyabetake wayang kang perang. Kapenak pangeprake yen wus mapan lungguh dhalang nuli nyempala kothak, muni gendhing karawitan, kayon dibedhol saka tengah katancepake wates sisih tengen kapernah saburining ratu kang jinejer. Tumuli parekan diwetokake manggon ing paseban ngarsaning ratu kang ngisor. Sawuse ratu kang jinejer pinarak, katancepake ing paseban dhuwur. /132/ Sasmita marang parekan animbali putra utawa patih, apa jejer ing lalakon dhewe-dhewe, parekan nembah mundur, baline ngirit putra utawa patih. Tekaning paseban dumunung ngisor. Yen jejer ratu Ngastina, Pandhita Durna jajar

palenggahan.

/133/ Saantara gendhing krawitan manawa wis ngeret ngelik egongan, tumuli kasirep, nuli dhalang anjantur. Yaiku, ngucapake umpak-umpakane karaton, miwah tata kartaning praja. Kalawan jujuluking ratu sarta lelabuhaning narendra. Saturute kabeh, yen wus tutug, arahen gendhing karawitan kang nuju tibane gong gulu, dhalang banjur sasmita ngempala kothak gendhing mungguh. Saantara suwene gendhing kasesegake, tumuli disuwuk, dhalang nyuluki pathet gedhe. Satutuge pathetan mau, dhalang nuli nyempala kothak, minongka sasmita marang panggender anglekasi greget sauting jejer, ingaran ada-ada. Satutuge ada-ada nuli pocapan, yaiku jejer guneming lalakon.

Aturipun Mas Sastra Miruda:

/134/ Kawula nuwun, sadaya dhawuh dalem bab patrap tuwin ugering padhalangan kados sampun anyekapi kawula angge sinau andhalang. Ananging wonten ingkang kawula dereng mangretos. Kados pundi ingkang dipun pikajengaken, yen badhe santun cariyos, utawi badhe sanes wujud ing ringgit ingkang jinejer. Teka mawi kakajengan dipun tancepaken ing tengah malih, wangsul kados ing nalika badhe wiwitipun jejer ing pangkat sapisan.

Pangandikanipun Kanjeng Pangeran Arya Kusuma Dilaga:

/135/ Sastra Miruda, mulane saben wayang arep ganti kang dicaritakake sarta jinejer sinalinan tancebing kayon dhisik iku ginawe sasmita yen bakal genti kang cinarita, utawa kang wis jinejer ing paseban kono, amarga ing padhalangan mau kayon rehning wayang purwa anggite para wali minongka suluk. Dadi kayon mau dipekake tembung kayun. Ing tembung Arab tegese: kang urip. Ing tembung kawi ateges: karep. Mangkono sasmitaning dhalang amayang yen arep genti kang

jinejer. Tegese, genti kang urip. Utawa minongka yen kelir paseban mau kang ngupamani gumelaring jagad. Dadi sarupaning wayang kang ginawe lalakon sajroning dhalang amayang manawa durung jinejer ing paseban durung urip. Mulane yen ana caritaning dhalang kang wayange durung winetokake diarani carita pagedhongan. Tegese, kang ginelarake angamungake caritane bae, nanging wayange ora kawujudake, sabab wus kaliwat ing lelakone. Dene yen dhalang asuluk, utawa greget saut, kayon mau sawuse wayang kabledhol, nuli kapatrapake ing tengah. Utawa kalakokake wola-wali ing kelir. Iku minongka sasmitaning dhalang marang niyaga kang padha nabuhi. Yen bakal muni gendhing apadene muni palayon mawa-mawa kareping dhalang gone bakal anjejer wayang kang pancen dadi lelakone. Luwih maneh yen pancen arep angucap, angucapake gara-gara.

/137/ Sawise greget saut, kacaritakake apa sapracrekane gara-gara mau. Sawuse tutug, nuli greget saut maneh. Satutuge banjur arepan manyura. Manawa wis tutug, disuluki pathet tumuli muni gendhing.

Aturipun Mas Sastra Miruda:

Kawula nuwun, sapunika kawula sampun wiwit sumerep menggah pikajengipun dhalang bilih badhe anjejer ringgit kayon manawi katancepaken madyaning kelir pasowanan wau kangge sasmitaning dhalang dhateng niyaga. Ing mangke bilih wonten sih kasredhaning panggalih dalem, kawula nyuwun tuladha lalampahanipun ringgit purwa ingkang jejer kalampahaken abdi dalem dhalang ing kasepuhan.

/138/ Pangandikanipun Kanjeng Pangeran Arya Kusuma Dilaga:

Sastra Miruda, lalakoning wayang kang dilakokake abdi dalem dhalang kasepuhan kaya pitakonmu iku, kang patut ginawe babon, mengko aku takcarita lalakon Palasara,

rungokna kang tetela.

Mungguh lalakon Palasara kang bakal takwarahake ing kowe pepethikan saka kagungan dalem pakem ing karaton. Lugune mangkene:

/139/ **Gancaring lalakon Palasara**

Sawise muni gendhing karawitan saantara kang jinejer Prabu Basukiswara ing Wirata, kang ngadhep putra lan pepatih, parekan caket ngarsanipun nata, siji parnah buri, antara suwene kothak dicampala, "dhrodug". Sawuse gendhing ngelik diserep, dhalang lekas anjantur, "Swuhrep data pitana, anenggih wau kocapa nagari ing pundi ingkang kaeka hadi dasa purwa. Eka sawiji adi linuwih dasa sapuluh purwa kawitan. Sanadyan kathah atitah ing bathara ingkang

/140/ kasongga ing pratiwi, kaungkulan ing ngakasa, kapit ing samudra kathah ingkang anggana raras. Datan ana kadi ing nagara Wirata, mila kinarya bubukaning carita, angupaya ana nagara satus, boya wonten kakalih. Sewu dan antuk sadasa. Dasar nagara panjang apunjung, pasir awukir loh jinawi, gemah ripah karta tur raharja.

Panjang dawa dene nagara ing Wirata dawa ucap-ucapane. Punjung ruhur, anyata nagara ing Wirataruhur kawibawane. Pasir samudra, awukir gunung. Dhasar naga
/141/ ing Wirata angungkuraken pagunungan, ngeringkaken pasawahan, hanengenaken narmada, mangku bandaran ageng.

Eloh tataneman tulus ingkang sarwa tinandur. Saben pategilan asri kawuryan.

Ajinawi, mirah ingkang sarwa tinumbas, datan wonten wadya ingkang den kalarakaken.

Gemah katonda kawula ingkang lampah dagang layar lumampah myang prapta sing amonca praja sahari ratri tan ana kendhatira, nirsangsaying enu.

Aripah tondha kang samya gigriya salebeting praja Wirata pangrasa aben cungkut, tepang taretepan sak ing reh harjaning nagri papan wiyar temah rupak.

- /142/ Karta, dene kawula dhusun kang samya among tani ngingu bebek ayam tanpa kinandhangan. Kebo sapi tanpa cinacangan. Yen rina aglar neng pangonan. Yen wayah sirep suruping Hyang Pratonggapati ngandhang parnahnya sowang-sowang. Seking kalising dursila tebih aneng parangmuka. Raharja katondha metri bupati ing Wirata tan ana ceengilan sanityasa atat arukun dera ngangkat kartining nata. Dasar nagara agung obere, dhuwur kukuse, padhang jagade, adoh kuncarane, babasan praja kang parek manglung, kang tebih tumiyung,
- /143/ samya ngidhep sumiwita marang Sri Naranata ing Wirata. Dene ratu pinundhi-pundhi marang sagung ing nata ing Nuswajawa. Katondha saben kalamasa kathah kang atur putri panungkul asok galondhong pangareng-areng caos pupundhutaning nata. peni raja peni guru bakal guru dadi, wenang ingucapna jujuluk ira narendra Wirata ya sang Sri Mahaprabu Basukethi Iswara. Kacarita lalabuhanira narendra
- /144/ ing Wirata siyang dalu datan pegat adedana, paring sandhang wong kawudan, asung boga wong kaluwen, suka teken ing kalunyon, asung kudhung wong kepanasen, anglejaraken ing prihatin, angapura wong nandhang dosa. Tuwu taman kena winancenana dananira ari nateng Wirata, yenta ginunggunga wiyaring jajahan, ruhuring kaprabon, muwah pambekanira, sadalu datan ana pedhote. Pinunggel ingkang murwa ing kawi. Sinigeg mangkya nuju ari Respati sang nata lagya miyos siniwaka, ing Sitinggil Binatarata, lenggah munggend
- /145/ dhampar denta, pinalipit ing kancana, Pinatik ing nawa retina lembak babut prang wadani, ingkang isi sari-sari ginonda wida ing lisah jebat kasturi, den ayap parekan bedhaya srimpi

kang samya ngampil upacara banyak dhalang ardawalika, dwipangga, kusumassawung galing. Pedhang tameng jemparing gandhewa kinebuting lar manyura. Kanan kiri kongas gandaning nata, Prapteng jawi pamurakan, sinawang sanalika sri nata ing Wirata kadya sirna kamanungsanira, kawyat sarira pindha Hyang Endra pinarek ingayap sanggyaning widadari. Repsidem premanem, tan ana sabawaning walang talisik taru tan ana mobah, samirana tan wisata, pindha mangayu bagya wijiling nata ing pasewakan. Amung sabawaning paksi engkuk myang paksi jalak kang munya ruhur ing pasewakan. Tuwin sabawaning para kriya pandhe gendhing kemasana cat kapi reng, cat kapyarsa saking pasewakan, teka mewahi senen. Ing panakilan sinten ta kang caket ing ngarsa punika sinatriya ing Kadhipaten. Ingkang ginadhang gadhang gumantya ing kapraboning praja Wirata. Anenggih sinten ta dasa namapira. Dasa, sepuluh. Nama marang kekasih, kekasih Raden Durgandana. Dasar satriya sulistya warna, anom dhasare, karengga ing busana wimbuh trahing kusuma rembesing madu wijiling amara tapa,

/146/ tedhaking andana warih. Marma dadya panjanging kidung, kondhanging prakebnya keh kang samya anandhang larasmara. Ananging sang narphatmaja tebah langening wanita. Ingkang sumiwi keringe raja putra punika, mantri muka ingkang panengran rekyan patih Nirbita. Ing Paglaran kebek amber pindha angrubuhna pancak sujining alun-alun. Busananing wadya lir pendah pedhenging kembang palasa, surem sunaring prabangkara. Kaujwalan ing busananing para punggawa mantri kang samya nangkil.

/147/

Enteking carita iki arahen gendhing krawitan nuju tibaning gong gulu.

Dhalang nyempala kothak, gendhing munggah, saantara

/148/ suwene dhalang asasmita, nesegake gendhing ngandhelong nuli suwuk. Nanging dhalang nyempala kothak mau ora kena sawenang, kudu manut gendhunging kendhang. Manawa gendhing wis suwuk, banjur disuluki pathet nem gedhe. Yen wis tutuk tumuli dhalang nyempala kothak, sasmita marang panggender ngajak suluk ada-ada. Sawuse tutug, dhalang nuli pocapan mangkene: Ratu kang jinejer ngandika marang sinatriya ing Kadhipaten, boya dadi gugupe pikir pakenira kulup sira ing sun piji saka pasebanira marang ngarsaningsun. Aturing putra:

/149/ Kawula nuwun, dupi kawula tampi timbalan paduka upami tinebak ing mong tuna, sinambar ing gelap lipat. Uninga carewet datan wikaning gelap, salaminipun dhumawuh ing timabalan datan wanter kadi sapunika. Amila guguping manah kadyanganing kambengan salomba pinanjer madyaning alun-alun, katiyuping maruta manda, saka mantyan kumejot kumitir raosing manah, acaruk maras, kumepyaripun pindha panjang sutra dhadhahing sela sumayana. Dugi kula dumugi ngabyantara eswara, asreping manah upami siniram ing tirta wayu ing wanci enjing.

Pangandikaning nata kang kaping kalih:

/150/ Apa marmane sira ana ing jaba banget kuwatir bareng wus ana ngarsaningsun boya darwyacipta kasamaran.

Ature Raden Durgandana:

/151/ Kawula nuwun, mila kawula wonten ing jawi dahat angemu maras, dumugi ing ngaras jeng Paduka rumaos datan darbe kuwatos, manawi wonten karsanipun ingkang Sinuhun mundhut pejah gesange pun Durgandana. Sampun siyang, sanadyan daluwa kawula sumongga ing asta kakalih. Tembung atadhah wadana, kumurep ing ayahan, dosa sakit mugi paduka anyakitana dosa pejah ugi sayogya Kanjeng ingkang Sinuhun

ingkang amejahana.

Pangandikaning nata kang kaping 3:

Kulup, kajeron tompa munduran kadi wong anandhang dosa, angaturake pati urip. Ana ucap-ucapan sagalakane ya sardula boya kolu mongsa ing yoga. Luwih maneh jeneng ingsun boya yeng angukuma marang wong kang tan anandhang dosa. Sanadyan sira dosaa, upamane dosa lena kaya mung teka ing raga. Yen dosa lara, sun apura. Kaya ijeh ambek martaningsun.

/152/ Aturing putra Raden Durgandana:

Kawula nuwun, wangsul ingkang Sinuwun amiji ing sowan kawula punapa wonten karsa jeng Paduka ingkang wigatos. Manawi kenging kapiyarsa ing akathah, mugi wontena kapareng Paduka amangandikakaken. Banjur disuluki nem cilik. Sawuse tutug pathetane, nata ngandika kang kaping 4: Kulup, marma sira sun piji ing ngarsaningsun. Haywa kaduk ati abela tompa. Aja katenta yen bakal anampani

/153/ ganjaran, wastara kancana myang retna utawa gagaman kang prayoga, ora pisan. Babasan adoh wintang luku sinawat ing balang kayu, tangen kenane cepet cupete.

Aturipun Putra Raden Durgandana:

Kawula nuwun, sajarah ing angin, upami rema pinara saptsa, ing pakendra taman supena angayun-ayun ganjaran, tebih dhateng atuwuk, cepak malah datan kuwawi anampeni sih kukucahing narendra, ingkang rumentah dhateng dasih ing Kadhipaten, waradin mantri myang pakadhik. Ing siyang ratri mindha ilining weya narmada, boten langkung ingkang Kula arsa-arsa muhung pakaryan ingkang awrat. Bokmanawi

/154/ wonten karsanipun Kanjeng Diwaji angelar jajahan, angrisak prajaning mengsah, kawula suka kabledhaha anggayuh ingkang

tebih, angrangsang ingkang inggil. Remuk sinawurna tugel kinarya sasawat, anglampahi ing karsendra. Sampun ingkang sakit, nadyan dumugi ing antaka kawula sendika anglampahi. Kawula nuwun, nuwun.

Pangandikaning sang nata kang kaping 5:

/155/ Iya kulup, ing wise lan sadurunge inghun tarima gonira anjunjung kaprabon, anglairake prasetyanira marang inghun. Nadyan sakeh bocah inghun nagara ing Wirata, mantri myang punggawa kang sakepel barengose, pinagku jejenggote kang tuwa angukuli ing sira, tuwin kang enom luwih teka ing sira, ananging kaya ora ana kang pantes imbal wacana lan jeneng inghun. Upama kaya merang tanpa landesan, manawa liya kang nampani, kaya boya pantes ababatan kang asuket ngoborana kang apeteng kajabatena yamung sira.

Aturipun Raden Durgandana:

/156/ Kawula nuwun, kawula angaturaken bodho balilu taman rumaos untap-untapan anampenana lungiding karsa jeng Paduka sageda kawula amung saking angengeti dhawuh timbalanipun Kanjeng Dewaji.

Pangandikanipun Srinarendra:

Kulup, kaya wus inghun kawruhi sira, angaturaken bodho balilunira. Marma inghun timbali, kaya paran gon ira anuduh ngupaya sirnane kadangira ing kadhaton. Dene wus antara lawas durung ana ing wartanira. Upama lina karuhana ing wandane, manawa isih basuki mung genaha ing dununge bae.

Aturira Raden Durgandana:

/157/ Kawula nuwun, Dewaji. Kawula sampun anuduh ngupadosi sirnanipun putra jeng paduka kakang bok. Kalampahan wadya ing Wirata kawula sebar, ingkang prapta

enjing sonten kawula angkataken, ingkang prapta sonten enjing ira ngupadosi malih. Pangupayanipun tanpa he mindha ngupadi sirnaning manik tanapi sosoty lembat, prasasat sawarnaning ron ingkang mangkurep kalumahaken ingkang malumah kinurepaken. Nanging meksa dereng pinanggih. Sinigeg Prabu ing Wirata duk miyarsa aturing putra, sapandurat datan angandika, kagagas ing putra kusumaning ayu Dewi Durgandini.

/158/ Banjur disuluki pananggalan. Sawuse diucapake:

Lah ta ingkang kayata wau, prabu ing Wirata lagya imbal wacana. Kasaru geter ing pasowanan jawi pindha gabah inginteran, piyak ngarsa atangkep wuri, gong muni ayak-ayakan. Patih nembah nulya mijil. Ayak-ayakan sirep sesegan. Banjur dicaritakake udhune rekyan patih Nirbita, saking siti bentar sampun ingaturan wikan, praptaning caraka Madhendha amundhi wilapa. Laju wangsul mangarsa. Ayak-ayakan mantun kajantur, praptaning byantarendang patih manembah gong kasuwuk tanpa pathet. Sang nata angandika, "Heh, Nirbita, apa kang dadi getering Pagelaran."

/159/

Patih Awotsari, "Nuwun, kauningana ing jawi wonten raja duta saking nagari Madhandha amundhi pustaka."

Pangandikaning nata, "mara timbalana, aja kasuwen ana Pagelaran."

Aturing Nirbita, "Kawula nuwun, inggih dhateng sendika." Banjur dipatheti nem cilik. Nirbita mundur ing ngarsendra. Sajebuling pathetan tumuli kacaritakake:

Lah ingkanata wau, rekyan patih Nirbita ingkang tumurun ing si tinggil, ing sawancining para nayaka mantri kang nangkil, ing Pagelaran tansah samya prayitna sapraptaning caraka ing Madhendha, dupi katingal patih Nirbita

/160/

tumurun ing siti bentar, sigra mapak atapsila. Mangkono pangudasmaraning driya ki patih Endra Sudarga, baya jagad dewa bathara, baya iki nindyamantri ing Wiratha. Dene pantes temen wandane. Mangkana sangsaya parek sang anindya-mantri Nirbita awas ing pandulunira. Mangkana ciptanira, babaya jagad dewa bathara apa baya lulungguhira caraka ing Madhendha, dene samdane temen jajarote, nulya pinarpekan. Sawuse caket, tandya andhawuhaken timbalaning nata, "Nedhahi jengandika lajeng ingandikan minggah ing sitinggil."

Aturing caraka:

Inggih dhateng sendika.

/161/ Nulya kaucapake, Lah ingkanata wau, rekyan patih Endra Sudargo dupi wus tampi timbalan nata, anata busananira kumbala sinunggar lumampa hamiwi kampuh, ngendharah tiningalan. Sasmita babak unjalan, kothak cinampala, gongsa munya ladrangan muncer. Patih Nirbita angirid wisateng ngarsa, Endra Sudargo lumakyeng puri.

Pangucaping patih:

/162/ Iriden marang pagelaran dhihin. Tak atur wuninga. Sinauran, kawula nuwun sandika. Gamelan ayak-ayakan mari kasirep, patih bali marang ngarsa narendra. Gamelan disuwuk, kalawan sasmitaning dhalang nyampala kothak, sawuse gamelan disuwuk.

Sang prabu angandika:

Nirbita, apa kang dadi gitaning Pagelaran.

Telas

Terjemahan:

SASTRA MIRUDA

1. Ketika Prabu Aji Jayabaya dinobatkan menjadi raja di kerajaan Mamenang, ia melukis wajah para leluhurnya. Yang dijadikan alas lukisan adalah daun tal. Yang pertama kali dilukis oleh Prabu Jayabaya adalah wajah Batara Guru. Selanjutnya, para dewa hingga wajah Bambang Parikenan. Setelah jadi, lukisan itu disebut wayang purwa. Dinamakan wayang karena lukisan tersebut tidak sama persis dengan wujud aslinya di zaman purba. Sebelumnya, wayang itu, baik laki-laki maupun perempuan, sama-sama ditindik.

Karena sumber lukisan Prabu Jayabaya tersebut arca, hasilnya pun mirip dengan sikap dan cara berpakaianya bangsa Hindustan. Lukisan wayang tersebut selesainya ditandai dengan sandi angka tahun: *gambaran wayang wolu*, artinya tahun 861.

2. Pada saat Empu Aji Saka menjadi raja di kerajaan Purwa Carita, dengan gelar Prabu Widhayaka, ia mencipta pedoman pokok cerita wayang purwa. Yang dibeberkan adalah cerita para dewa dan seterusnya. Hal itu ditandai dengan sandi angka tahun: *ratu guna maletik tunggal*, artinya tahun 1031.

3. Setelah berdirinya kerajaan Jenggala pada tahun 1120, yang menjadi raja adalah Prabu Lembu Amiluhur. Sesudah 24 tahun memerintah, ia digantikan oleh anak keduanya, yaitu Raden Panji Kasandriyan atau Prabu Surya Wisesa. Ia ingin mencipta bentuk wayang purwa yang menggunakan daun tal yang sudah dipilih.

Semua saudara dan kerabatnya ikut mengerjakan. Setiap

Prabu Surya Wisesa keluar dihadapan rakyatnya, lukisan itu diperlihatkan dalam kendaga serta (bersama-sama) mencipta pedoman pokok cerita wayang purwa. Mulai saat itu wayang menggunakan iringan musik gamelan slendro dan juga disuluki dengan kata-kata kuna, sesuai dengan tinggi rendahnya nada gamelan slendro. Dalam pertemuan, Prabu Surya Wisesa mendhalang, sedangkan para saudara dan kerabatnya memukul gamelan. Hal itu ditandai dengan sandi angka tahun: *tata karya titising dewa*, artinya tahun 1145.

4. Raden Kuda Laleyan naik tahta menggantikan raja Jenggala yang bergelar Prabu Surya Amiluhur. Setelah memerintah selama 3 tahun, kerajaan dipindahkannya ke Pajajaran. Lalu, ia membuat pentas gambar wayang purwa. Sumbernya adalah coretan Jenggala yang disesuaikan antara besar dan tingginya dengan menggunakan kertas Jawa. Hal itu ditandai dengan sandi angka tahun *wayang magang rupaning janma*, artinya tahun 1166.
5. Raden Susuruh menjadi raja, bergelar Prabu Baka, bertahta di kerajaan Majapahit. Ia membuat wayang purwa dari kertas yang dapat digulung menjadi satu gulung serta ditambah dengan renik-reniknya. Hasilnya dinamakan wayang beber. Jika di kerajaan gamelan yang dipakai tetap gamelan slendro, tetapi jika wayang beber itu dimainkan oleh dalang, iringan musiknya rebab. Kegunaannya untuk *murwakala*. Jika ada orang yang terkena kutukan, penderitaan, mendapat malapetaka, seperti anak tunggal (dan seterusnya), orang kejatuhan periuk, adu gelake, gendingnya pipisan. Semuanya itu harus diruwat dengan wayang beber agar sempurna, terhindar dari mara bahaya, serta dengan kelengkapan *sesajen: dupa gonda wido*. Maka, tersiarlah hingga kini orang yang menggelar tontonan wayang beber harus memakai *dupa* 'kemenyan' mengikuti tata cara di zaman Budha. Selesaiannya pembuatan wayang beber tersebut ditandai dengan sandi angka tahun: *gunaning*

bujongga nembah ing dewa, artinya tahun 1273.

6. Pada saat Prabu Brawijaya menjadi raja di Majapahit, terceritakanlah bahwa sang Prabu mempunyai seorang anak yang pandai menggambar. Tempat yang digambar *praskara*. Dikabarkan bahwa cara pakaian wayang beber diperindah dengan hiasan warna-warni supaya mirip ksatria, punggawa, dan raja-raja. Hal itu ditandai dengan sandi angka tahun: *tanpa sirna gunaning atmaja*, artinya tahun 1300.
